B L Ò K P A B L Ò K

Kontra sosyal pou refondasyon nasyonal

Edisyon reòganize epi mete ajou — 165 atik (142 + 23 atik konplemantè) · Vèsyon kreyòl

ESTATI	Pwojè pou konsiltasyon
DAT	Oktòb 2026
OBJÈ EDISYON AN	Entegrasyon rekòmandasyon odit elaji 100 pàn yo ak pwopozisyon P1 rive P23 yo (pàn 84 rive 91)
GARANTI	Okenn papòt palmantè otomatik · okenn fòmil fiks pou konseye · okenn fenèt elektoral an chif · okenn enstitisyon kreye san enstriman ki gen konpetans
ESTRIKTI	Kat pati · douz blòk · atik 1 rive 142 ak 23 atik konplemantè (165 an tout)
VALÈ	Vèsyon kreyòl la ak vèsyon franse a gen menm valè oryantasyon

« Chanje chofè pa ranje motè. »

Tab de matyè

Klike sou yon tit pou ale dirèkteman nan seksyon an

Preanbil

Avètisman jiridik konsolide

PATI I Fondasyon kominote politik la (atik 1 rive 32)
- **Blòk I** Prensip fondamantal (atik 1 rive 10)
- **Blòk II** Sitwayènte, diyite ak viv ansanm (atik 11 rive 24)
- **Blòk III** Edikasyon, lasante, kilti ak espò (atik 25 rive 32)

PATI II Kontinwite demokratik ak lejitimite (atik 33 rive 61)
- **Blòk IV** Tranzisyon ak kontinwite Leta (atik 33 rive 40)
- **Blòk V** Eleksyon ak lavi politik (atik 41 rive 52)
- **Blòk VI** Dyaspora, nasyonalite ak rejis elektoral (atik 53 rive 61)

PATI III Kapasite Leta ak devlopman (atik 62 rive 134)
- **Blòk VII** Sekirite, lajistis ak entegrite piblik (atik 62 rive 89)
- **Blòk VIII** Finans piblik, fiskalite ak transparans ekonomik (atik 90 rive 106)
- **Blòk IX** Teritwa, anviwònman, tè ak pwoteksyon sosyal (atik 107 rive 126)
- **Blòk X** Dyaspora ak kodevlopman (atik 127 rive 134)

PATI IV Angajman ak kontwòl sitwayen (atik 135 rive 142)
- **Blòk XI** Angajman nou pataje (atik 135 rive 138)
- **Blòk XII** Transparans, apwopriyasyon ak swivi (atik 139 rive 142)

Klòz final sou yerachi nòm yo

Tablo korespondans atik ki revize ak ki ajoute

Zak adopsyon ak siyati

Preanbil

Vi, konsiderasyon ak fòmil adopsyon

Sitwayèn ak sitwayen ayisyen ki rete sou teritwa nasyonal la oswa ki etabli lòt bò, ansanm ak òganizasyon, enstitisyon ak regwoupman ki siyen Kontra sa a,

Dapre Konstitisyon Repiblik d Ayiti 29 mas 1987 la, jan li an vigè a, sitou dispozisyon li yo sou souverènte nasyonal, dwa fondamantal yo ak òganizasyon pouvwa piblik yo ;

Dapre angajman entènasyonal Repiblik d Ayiti ratifye kòmsadwa nan zafè dwa moun ;

Konsidere sa ki swiv la :

1. Depi anviwon dis lane, gwoup ame ap komèt sou teritwa nasyonal la asasina, vyolans seksyèl, kidnapin, piyay ak rakèt. Yo lakoz anpil moun kite kay yo an mas, epi yo kontwole an reyalite kèk pòsyon nan teritwa a ak kèk gwo wout.
2. Libète pou sikile, Konstitisyon an garanti, bloke nan plizyè vil ak katye akoz moun k ap ranson pasaj ak baryè ilegal.
3. Antrepriz, sant lopital, lekòl ak inite fòs lòd yo ap sibi atak repete, sa ki kraze kontinwite sèvis esansyèl yo.
4. Depi asasina prezidan Repiblik la, 7 jiyè 2021, fonksyonman regilye enstitisyon ki soti nan vòt pèp la poko retabli.
5. Fason yo jere zafè piblik yo pa t pèmèt reponn ase ak egzijans sekirite, lejitimite demokratik ak rekonstriksyon.
6. Aktivite ekonomik, travay, pouvwa acha ak pwodiksyon nasyonal, ni agrikòl ni endistriyèl, ap degrade san rete, epi kontrebann ak fèmti repete pò ak ayewopò yo fè sa vin pi grav.
7. Sistèm edikasyon an ap sibi fèmti ak deplasman lekòl ki mete dwa anpil timoun ak jèn pou yo aprann an danje.
8. Sitiyasyon sa a ap touche diyite nasyonal la ak inite pèp ayisyen an, eritye Endepandans 1804 la.
9. Travay konsiltasyon ki te fèt an 2005 te montre nesesite yon nouvo pak nasyonal ki chita sou sitwayènte, enklizyon ak koyezyon sosyal. Pita, lòt inisyativ te pwopoze yon pak nasyonal gouvènabilite.
10. Dr Turneb Delpé te defann lide yon konferans nasyonal ki pou mennen nan yon kontra sosyal. Anpil pwopozisyon sitwayen, ann Ayiti ak nan dyaspora a, kontinye refleksyon sa a.
11. Mekanis pou soti nan kriz ki te fèt ak sipò oswa sou inisyativ òganizasyon entènasyonal ak rejyonal, tankou OEA, ONU ak CARICOM, pa t rive retabli sekirite ni estabilite enstitisyon yo pou lontan.
12. Souverènte nasyonal la rete nan men tout sitwayen yo ansanm, epi se Nasyon ayisyen an li menm ki dwe chèche solisyon kriz la an premye.
13. Okenn fòs politik, ekonomik oswa sosyal pa ka pou kont li fè rekonstriksyon nasyonal la ; travay sa a mande tout eleman Nasyon an chita ansanm, san eksklizyon.

Adopte, nan yon lespri inite nasyonal ak responsablite pataje, **Kontra sosyal pou refondasyon nasyonal** sa a, yon pak oryantasyon ki fikse prensip, angajman ak metòd pou yon rekonstriksyon Nasyon an ansanm.

Kontra sa a aplike dapre Konstitisyon ki an vigè a ak lwa Repiblik la. Li pa ranplase okenn nòm jiridik, epi li pa pwodui efè si se pa atravè enstriman jiridik ki gen konpetans yo.

SIS OBLIGASYON PIBLIK

01 **Pwoteje**	02 **Sèvi**	03 **Pibliye**
04 **Eksplike**	05 **Korije**	06 **Rann kont**

Avètisman jiridik konsolide

Kontra a bay oryantasyon ; Konstitisyon an, lalwa ak enstitisyon ki gen konpetans yo deside.

Kontra sosyal sa a se yon pak oryantasyon politik, enstitisyonèl, ekonomik, sosyal, kiltirèl ak teritoryal. Pou kont li, li pa yon nòm moun ka mete devan tribinal dirèkteman.

Tout dispozisyon ki mande yon revizyon konstitisyonèl, yon lwa, yon règleman, yon zak bidjetè, yon desizyon tribinal oswa yon akò entènasyonal aplike sèlman pa enstriman jiridik ki gen konpetans lan.

Edisyon sa a kenbe nimewo atik yo de 1 rive 142 pou chanjman yo ka swiv fasilman. Li reòganize tèks la an kat pati ak douz blòk epi li konsolide garanti ki soti nan odit teknik ak jiridik la. Venntwa atik yo ajoute apre konsiltasyon oktòb 2026 la (pwopozisyon P1 rive P23, pàn 84 rive 91) pote nimewo atik yo swiv la, ak yon endis (pa egzanp 36-1), sa ki fè 165 atik an tout.

RÈG KONTRA A KITE DEYÒ KLÈMAN

- Tout papòt otomatik syèj palmantè, tankou yon papòt 80 %, ki pa chita sou Konstitisyon an oswa sou yon lwa ki gen konpetans.
- Tout fòmil ki fikse dirèkteman kantite konseye elektoral yo oswa jan yo separe ant depatman yo.
- Tout fenèt elektoral obligatwa ki fikse an yon kantite jou rijid.
- Tout kreyasyon dirèk yon otorite, yon enstitisyon konstitisyonèl, yon syèj palmantè oswa yon nouvo konpetans san lwa oswa san revizyon konstitisyonèl ki gen konpetans.

NOUVO ESTRIKTI FONKSYONÈL

PATI	OBJEKTIF	BLÒK	ATIK
PATI I	Fondasyon kominote politik la	Prensip, sitwayènte ak kapasite moun	1–32
PATI II	Kontinwite demokratik ak lejitimite	Tranzisyon, eleksyon, dyaspora elektoral	33–61
PATI III	Kapasite Leta ak devlopman	Sekirite, lajistis, finans, teritwa ak kodevlopman	62–134
PATI IV	Angajman ak kontwòl sitwayen	Responsablite pataje, transparans ak revizyon	135–142

PRENSIPAL KONSOLIDASYON

ATIK	CHANJMAN	EFÈ JIRIDIK
25 ak 90	Nominasyon, pòs bidjetè ak pewòl ofisyèl ; limit sou konpleman andeyò pewòl	Aplike pa fonksyon piblik la, lwa finans lan ak règ pansyon yo
37	Bidjè Konsèy elektoral la ak rezilta pa biwo vòt	San entèferans Egzekitif ; dapre Konstitisyon an ak lalwa
42–46	Eleksyon pa teritwa oswa pa etap, san dire rijid ni papòt palmantè otomatik	Desizyon Konsèy elektoral la ak rezon, ak chemen rekou legal
57	Okenn syèj otomatik pou dyaspora a	Revizyon konstitisyonèl obligatwa si konpozisyon Palman an chanje

ATIK	CHANJMAN	EFÈ JIRIDIK
64, 66, 89, 105	Kontra a pa kreye okenn otorite dirèkteman	Enstitisyon ki egziste deja oswa kreyasyon pa lalwa
71	Garanti jidisyè pou ekstradisyon ak transfè	Respè trete yo, lalwa, jij ki chaje dosye a ak defans lan
88	Dwa viktim yo	Enfòmasyon, pwoteksyon, patisipasyon ak reparasyon dapre lalwa
139	Rejis èd ak pwojè ki pa Leta ki resevwa kontribisyon piblik	Piblikasyon ak odit dapre lalwa
4-1 rive 130-2	Venntwa atik konplemantè : bank, transfè, libète sikilasyon, Leta layik, lajistis ak pwa ak mezi (pàn 84 rive 91)	Aplike pa lalwa, BRH ak enstitisyon ki gen konpetans yo ; Kontra a pa kreye ni enfraksyon ni depans

P A T I I

Fondasyon kominote politik la

Prensip, sitwayènte ak kapasite moun · Atik 1 rive 32

Blòk I — Prensip fondamantal

ATIK 1 RIVE 10 *Règ jwèt la anvan jwè yo.*

Atik 1 Kalite Kontra sosyal la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 1 + NKS 2005*

1. Kontra sosyal sa a se yon pak nasyonal oryantasyon, yon chat sitwayènte ak yon pwogram refòm.
2. Li bati sou pwen akò ak angajman ki soti nan dyalòg ak konsiltasyon nasyonal ki te fèt anvan li, san li pa ranplase yo.
3. Li pa ranplase ni Konstitisyon an, ni lwa yo, ni règleman yo, ni desizyon tribinal yo, ni angajman entènasyonal peyi a ratifye kòmsadwa. Chak dispozisyon ki mande yon nòm jiridik espesyal ap aplike sèlman pa mwayen enstriman jiridik ki gen konpetans la.

Atik 2 Objektif nasyonal yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 2 + NKS 2005*

1. Kontra a gen uit objektif :
   - **a)** garanti sekirite nan respè libète yo ;
   - **b)** retabli epi konsolide lejitimite demokratik ;
   - **c)** ranfòse lajistis ak Leta de dwa ;
   - **d)** fonde yon sitwayènte egal pou tout moun epi ranfòse koyezyon sosyal ;
   - **e)** bay tout moun aksè, pa etap, nan edikasyon, lasante ak sèvis esansyèl yo ;
   - **f)** bati yon ekonomi ki pwodwi, ki pa kite pèsonn sou kote, ki ekitab epi ki dirab ;
   - **g)** fè desantralizasyon an ak devlopman rejyonal ekilibre a tounen yon reyalite ;
   - **h)** tabli yon kilti pèmanan transparans ak rann kont.

Atik 3 Resipwosite ant sitwayen an ak Leta ayisyen

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 3*

1. Sitwayen an respekte Konstitisyon an ak lwa yo, li bay kontribisyon pa l nan chaj piblik yo dapre kapasite l, epi li patisipe nan lavi demokratik la.

2. An retou, Leta ayisyen pwoteje sitou :
   a) lavi ak diyite moun ;
   b) libète fondamantal yo ;
   c) egalite tout moun devan lalwa ;
   d) pwopriyete lejitim ;
   e) aksè, pa etap, nan sèvis esansyèl yo ;
   f) dwa pou jwenn enfòmasyon piblik nan kondisyon lalwa fikse.

Atik 4 Primote lalwa ak entèdiksyon jistis san jijman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 4*

1. Okenn ijans, okenn akizasyon, okenn sitiyasyon ensekirite pa ka jistifye tòti, arestasyon abitrè, egzekisyon sou plas oswa san jijman, lenchaj, vanjans oswa nenpòt lòt fòm jistis prive.
2. Fòs sekirite yo pwoteje, entèvni epi arete moun dapre lalwa ; yo pa jije ni yo pa kondane. Okenn sitwayen, okenn gwoup, okenn ajan Leta pa ka fè jistis ak pwòp men l, pou nenpòt rezon.
3. Tout moun yo akize jwenn benefis prezonpsyon inosans, dwa pou yo defann tèt yo ak yon pwosedi kòmsadwa.
4. Se sèlman tribinal ki gen konpetans yo, dapre Konstitisyon an ak lalwa, ki jije epi ki pwononse kondanasyon.

Atik 4-1 Se sèlman tribinal ki jije epi ki kondane ; pèn lanmò aboli

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 90 · Pwopozisyon P18*

1. Se sèlman tribinal ak jij Leta enstitye epi otorize legalman ki ka jije epi pwononse pèn, sitou pèn aflikti. Okenn lòt otorite, gwoup ame, sosyete sekrè, foul, asosyasyon, kominote, chèf relijye oswa chèf tradisyonèl pa ka jije, kondane, pini ni egzekite yon sanksyon.
2. Jistis sekrè, jistis popilè ak jistis relijye entèdi epi lalwa pini yo. Entèdiksyon sa a vize tribinal klandesten, jijman ak sanksyon yon foul, yon sosyete sekrè oswa yon otorite relijye pwononse, ansanm ak sekestrasyon, chatiman, ekspilsyon fòse, mitilasyon ak egzekisyon ki soti ladan yo.
3. Pèn lanmò aboli nan tout matyè (Konstitisyon, atik 20). Pèsonn pa ka egzekite, ni pa Leta, ni pa yon gwoup, ni nan non yon kwayans oswa yon kominote : tout asasina yo fè nan non yon jistis prive, lwa penal la pouswiv li tankou yon asasina.
4. Tout moun yo akize, menm si se pou li te fè mal pa mwayen okilt oswa espirityèl, kenbe prezonpsyon inosans li ak dwa pou yon tribinal jije l (atik 4). Yon kwayans, yon pratik espirityèl oswa yon rimè pa ka sèvi baz pou yon kondanasyon : se sèlman fè materyèl, ki etabli pa prèv kòmsadwa, ki ka fè sa. Akizasyon an pa janm jistifye vyolans, ekspilsyon ni sezi byen, epi Leta pwoteje moun yo akize a ak fanmi l.

Atik 5 Sibsidyarite, desantralizasyon ak inite Repiblik la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 5*

1. Responsablite piblik yo egzèse, nan respè Konstitisyon an ak lalwa, nan nivo teritoryal ki pi pre a epi ki kapab asime yo byen.

2. Fonksyon ki gen pou wè ak souverènte nasyonal, lajistis, sekirite nasyonal, lajan peyi a oswa regilasyon nasyonal rete nan men enstitisyon Leta ki gen konpetans yo.
3. Pa gen okenn transfè konpetans bay yon kolektivite teritoryal ki ka fèt san yo pa fikse an menm tan baz jiridik li, resous li, responsablite li, pèsonèl li, done li, ekipman li, endikatè li ak mekanis kontwòl li.

Atik 6 Rezilta ak obligasyon rann kont

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 6*

1. Chak pwogram piblik ki gen enpòtans dwe genyen, dapre modalite lalwa fikse : yon sitiyasyon referans, objektif ki ka mezire, yon enstitisyon responsab, yon bidjè ki klè, yon kalandriye, endikatè, yon mekanis swivi, yon mekanis kontwòl oswa odit ak yon evalyasyon rezilta yo.
2. Rann kont lan gen pou wè ni ak jan yo itilize resous yo, ni ak rezilta yo jwenn.

Atik 7 Transparans ak dwa pou jwenn enfòmasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 7*

1. Transparans se yon prensip ki gide administrasyon piblik la.
2. Anba rezèv eksepsyon lalwa prevwa, sitou pou pwoteksyon done pèsonèl, sekirite nasyonal, sekrè jidisyè ak sekrè komèsyal lejitim, enstitisyon piblik yo pibliye enfòmasyon lalwa egzije pou yo pibliye.
3. Lalwa fikse kijan moun jwenn aksè nan enfòmasyon piblik, delè yo, eksepsyon yo ak chemen rekou yo.
4. Chak fwa yo klase yon enfòmasyon pou rezon sekirite nasyonal, yo dwe bay rezon an, limite l nan tan, epi li dwe ka revize.

Atik 8 Rezilyans ak kontinwite nasyonal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 8*

1. Politik piblik yo ap entegre pa etap risk klimatik, risk tranblemanntè, risk sanitè ak risk anviwònman, ansanm ak kontinwite sèvis esansyèl yo.
2. Chak gwo envestisman piblik ta dwe gen yon analiz rezilyans, yon plan antretyen epi, lè sa nesesè, yon plan kontinwite.

Atik 9 Souverènte pèp la ak diyite nasyonal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Souverènte a pa rete nan men yon prezidan ni nan men yon gouvènman ; li se pou tout sitwayen yo ansanm, sitwayen Leta rekonèt epi pwoteje dwa fondamantal yo.
2. Se souverènte sitwayen sa a ki bay Leta fòs pou l defann teritwa a, Ayisyen yo ak enterè nasyonal yo nan relasyon l ak lòt Leta.
3. Kòm eritye 1804, gwo kontribisyon Ayiti bay lemonn pou libète ak egalite tout pèp, Nasyon an angaje l pou l bati enstitisyon ki fè ideyal sa yo tounen reyalite pou tout moun.

Atik 10 Dyalòg ak règleman konfli san vyolans

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Sitwayen yo, òganizasyon yo ak enstitisyon piblik yo regle diskisyon yo an premye pa dyalòg, negosyasyon, medyasyon ak chemen lalwa.
2. Leta ankouraje mekanis medyasyon kominotè ak rezolisyon konfli nan lapè, san sa pa retire konpetans tribinal yo.

Blòk II — Sitwayènte, diyite ak viv ansanm

ATIK 11 RIVE 24 *Yon sèl pèp, menm dwa, menm respè.*

Atik 11 Fondasyon sitwayènte a

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Sitwayènte pa depann ni de orijin, ni de pozisyon sosyal, ni de richès, ni de nivo lekòl, ni de koulè po, ni de sèks, ni de relijyon, ni de kapasite fizik oswa mantal.
2. Li chita sou jwisans reyèl dwa sivil ak dwa politik yo, ak sou rekonesans chak moun kòm manm total yon menm kominote politik.

Atik 12 Yon vizyon pèp ki pa kite pèsonn deyò

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Pèp ayisyen an gen ladan l tout sitwayèn ak tout sitwayen yo, kèlkeswa kondisyon yo, kote yo rete, nivo lekòl yo oswa mwayen yo genyen.
2. Okenn kategori sosyal pa ka pran pou tèt li sèl reprezantasyon pèp la, ni mete yon lòt kategori deyò.

Atik 13 Egalite ant fanm ak gason

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + Konstitisyon*

1. Fanm ak gason gen menm dwa nan lavi piblik, nan lavi ekonomik, nan òganizasyon travay la ak nan lavi fanmi.
2. Patisipasyon fanm nan pòs eleksyon ak pòs nominasyon asire dapre egzijans Konstitisyon ki an vigè a, sitou prensip kota a lè li aplikab.
3. Leta ak sosyete a goumen kont vyolans sou fanm, kont pratik ki mete fanm sou kote ak kont tretman inegal tifi yo nan edikasyon.

Atik 14 Rekonesans peyizan yo ak mond riral la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Yo rekonèt peyizan yo kòm moun ki pwodwi richès epi kòm poto mitan ekonomi nasyonal la.
2. Okenn papye eta sivil, okenn pratik administratif pa ka gen mansyon oswa tretman diskriminatwa akoz yon moun soti andeyò.
3. Politik piblik yo vize pou kominote riral yo jwenn aksè nan edikasyon, lasante, lajistis, sèvis debaz yo ak kredi pou pwodiksyon.

Atik 15 Lang nasyonal yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + Konstitisyon*

1. Kreyòl, lang tout Ayisyen pale, ak franse se lang ofisyèl Repiblik la, dapre Konstitisyon an.
2. Sèvis piblik yo, enfòmasyon administratif yo ak rann kont lan ap disponib an kreyòl pa etap.
3. Pale kreyòl pa ka janm yon rezon pou mete moun deyò, ni lekòl, ni nan administrasyon, ni devan lajistis, ni nan medya yo.
4. Kontra sa a pibliye an kreyòl ak an franse ; de vèsyon yo gen menm valè oryantasyon.

Atik 16 Libète konsyans, egalite relijyon ak netralite Leta

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + Konstitisyon*

1. Libète konsyans ak libète relijyon egzèse dapre Konstitisyon an ak lalwa, nan respè lòd piblik ak diyite moun.
2. Leta pa gen relijyon ofisyèl. Li kenbe yon relasyon egalite ak tout relijyon ak tout pratik relijye, sa gen ladan l vodou, epi li pwoteje libète pou yo pratike.
3. Pèsonn pa dwe sibi diskriminasyon, ni pou jwenn sèvis piblik, ni pou jwenn travay nan Leta, akoz kwayans relijye li oswa paske li pa gen kwayans relijye.
4. Lekòl piblik ak sèvis piblik yo net sou kesyon relijyon.

Atik 16-1 Leta layik ak lajan piblik

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 89 · Pwopozisyon P16*

1. Leta layik : li pa gen relijyon ofisyèl, li pa favorize ni defavorize okenn relijyon, epi li bay tout kwayans, relijye oswa non, menm respè (atik 16).
2. Okenn resous Trezò piblik la ni yon kolektivite teritoryal pa ka finanse yon aktivite relijye, sitou yon kwazad, yon kanpay evanjelizasyon, yon seremoni, yon sèvis relijye, yon pwosesyon, yon pèlerinaj oswa yon aksyon pwozelitis. Entèdiksyon sa a vize sibvansyon, don, peye depans ak prete gratis machin, pèsonèl, lokal oswa ekipman piblik. Li aplike eksepte nan mezi Konstitisyon an, lalwa oswa yon trete ki ratifye kòmsadwa egzije l.
3. Tout èd lalwa pèmèt yo bay yon òganis relijye pibliye, ak baz legal li, montan li ak benefisyè li (atik 139).
4. Dirijan, eli oswa ajan piblik ki angaje lajan piblik an vyolasyon paragraf 2 a reponn pou sa devan òganis kontwòl ak tribinal ki gen konpetans yo, dapre lalwa (atik 89 ak 92).

Atik 16-2 Libète pèsonèl pou patisipe ak sipò pou fèt kiltirèl yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 89 · Pwopozisyon P17*

1. Chak sitwayen, sa gen ladan l dirijan, eli oswa ajan piblik, rete lib pou l patisipe nan nenpòt aktivite relijye epi bay kontribisyon ak pwòp lajan pa l, kòm moun prive, depi li pa angaje Trezò piblik la.
2. Nan okazyon sa a, li pa sèvi ak mwayen Leta (machin, pèsonèl, lokal, mwayen kominikasyon, tan travay) epi li pa sèvi ak fonksyon l pou mande kontribisyon. Pwoteksyon sekirite pèsonèl li pa sèvis ki gen konpetans yo pa konsène.

3. Fèt chanpèt, fèt kanaval ak tout lòt fèt piblik ki gen karaktè kiltirèl ka jwenn, ka pa ka, sipò otorite kominal oswa santral yo, pa yon desizyon ki gen rezon epi ki pibliye, ki chita sou kritè objektif : karaktè kiltirèl, louvri pou tout moun, enterè lokal, bidjè ki idantifye. Kritè sa yo aplike san diferans ant relijyon yo.
4. Sipò sa a kouvri òganizasyon, sekirite, lijyèn ak enfrastrikti fèt la. Lè yon fèt gen yon pati relijye, se sèlman pati kiltirèl ak piblik li ki ka jwenn sipò : sipò a pa finanse ni sèvis relijye, ni rit, ni ofrann, ni pwozelitis. Depans yo pibliye dapre atik 139.

Atik 17 Nou rejte prejije koulè

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Prejije koulè, eritaj lòd esklavajis ak kolonyal la, kontrè ak egalite ant sitwayen yo.
2. Okenn otorite piblik pa ka sèvi ak li pou manipile opinyon an oswa pou kache vrè koz eksklizyon an.

Atik 18 Dwa ak pwoteksyon timoun

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Chak timoun se yon moun ki gen dwa. Leta, fanmi an ak kominote a pwoteje timoun kont eksplwatasyon, domestisite abizif, trafik moun, vyolans ak abandon.
2. Lalwa ankouraje pou chak timoun deklare lè l fèt, gratis, epi pou paran yo, papa kou manman, pran responsablite yo tout bon.

Atik 19 Dwa moun ki andikape

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Moun ki andikape ak moun ki gen bezwen espesyal gen menm dwa ak tout lòt sitwayen.
2. Politik piblik yo ap fè, pa etap, pou batiman yo, sèvis yo, enfòmasyon an, biwo vòt yo ak edikasyon an aksesib pou yo.

Atik 20 Otorite se yon sèvis piblik

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Otorite piblik se yon sèvis pou Nasyon an, se pa byen pèsonèl okenn moun.
2. Rejim dwa ranplase rejim favè : okenn dirijan pa gouvène tankou « papa » Nasyon an, epi okenn sitwayen pa resevwa yon sèvis piblik tankou yon favè.
3. Moun ki gen otorite yo egzèse l san represyon, san distribye favè, nan respè byen komen ak dwa sitwayen yo.

Atik 21 Yon konsepsyon repibliken sou Leta

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Leta pa yon zouti pou yon kategori sitwayen, ni yon sous pou moun anrichi tèt yo, ni yon machin kraze zo, ni yon founisè ki ka satisfè tout bezwen moun yon sèl kou.
2. Se enstitisyon tout moun nan ki garanti dwa fondamantal yo, ki òganize sèvis piblik yo epi ki mennen devlopman nasyonal la sou dire.

Atik 22 Travay, kreyasyon richès ak richès ki fèt nan lalwa

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Travay, inisyativ ak antrepriz se mwayen lejitim pou pwodwi ak genyen richès.
2. Yo ankouraje kreyasyon richès nan respè lalwa ak dwa travayè yo ; yo konbat anrichisman ilegal, koripsyon ak fwod, dapre atik 89.

Atik 23 Nou pa resigne devan mizè

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

Mizè se pa yon fatalite. Otorite piblik yo, sektè prive a ak sosyete sivil la angaje yo pou yo pa aksepte mizè lòt moun, epi pou yo rekonèt fòs ak kapasite kreyatif kouch ki pi defavorize yo.

Atik 24 Batay kont diskriminasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Lalwa ka prevwa mezi jiridik ak administratif ki nesesè pou anpeche epi konbat diskriminasyon, sitou sa ki baze sou orijin sosyal, sèks, koulè po, relijyon, lang, kote moun rete oswa andikap.
2. Tout moun ki viktim diskriminasyon gen chemen rekou lalwa prevwa.

Atik 24-1 Libète pou sikile, yon dwa fondamantal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 88 · Pwopozisyon P11*

1. Chak Ayisyèn ak chak Ayisyen gen dwa sikile lib sou tout teritwa nasyonal la, pa tè, pa lanmè oswa pa lè, tabli rezidans li kote l vle, kite peyi a epi tounen, epi transpòte ak vann byen l.
2. Se sèlman lalwa ki ka limite dwa sa a, pou rezon lòd piblik, sante piblik oswa sekirite moun, pa yon desizyon ki gen rezon, ki pibliye, ki pwopòsyonèl, ki limite nan tan epi moun ka konteste.
3. Leta gen obligasyon pou l garanti dwa sa a sou gwo wout, wout lanmè ak ayewopò esansyèl yo epi pou l louvri sa ki bloke yo, dapre plan atik 124-1 prevwa a.
4. Pèsonn pa ka oblije peye, negosye oswa jistifye deplasman l devan yon moun ki pa gen kalite legal pou kontwole l.

Blòk III — Edikasyon, lasante, kilti ak espò

ATIK 25 RIVE 32 *Lekòl, lasante, kilti : fondasyon sitwayènte.*

Atik 25 Lekòl egalite chans

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 · revize apre odit 2026*

1. Leta ap òganize, pa etap, yon lekòl ki bay tout timoun, kèlkeswa kote yo rete, orijin yo, sèks yo oswa relijyon yo, menm chans ak menm referans.
2. Kontni ak metòd lekòl la renouvle, sitou nan syans ak teknoloji. Li valorize kreyòl la, li asire elèv yo metrize franse, epi li louvri pòt pou lòt lang.
3. Yo bay yon atansyon espesyal pou tifi yo ak timoun andeyò yo ale lekòl.
4. Pou lekòl la ka fonksyone san rete, chak pwofesè lekòl piblik dwe gen yon zak administratif kòmsadwa, yon pòs bidjetè ki klè ak yon salè yo peye l regilyèman dapre règ fonksyon piblik la.

Tout konpleman pèmanan sou salè pwofesè yo dwe parèt nan pewòl ofisyèl la epi yo dwe konte l dapre lejislasyon sosyal ki aplikab la.

Atik 26 Edikasyon sivik

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

Valè Kontra sa a antre nan pwogram edikasyon fòmèl ak enfòmèl yo : egalite, respè lòt moun, lapè san vyolans, respè byen piblik, transparans ak responsablite.

Atik 27 Alfabetizasyon inivèsèl jèn ak granmoun

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Orijin : 2001, Dr Jean-Bertrand Aristide*

1. Leta, kolektivite teritoryal yo, relijyon yo, òganizasyon sosyete sivil la ak dyaspora a mete men ansanm pou tout jèn ak tout granmoun konn li ak ekri, an kreyòl ak an franse.
2. Lalwa ka òganize kanpay nasyonal ak objektif ki ka mezire, yon kalandriye ak yon evalyasyon piblik.

Atik 28 Fòmasyon teknik ak pwofesyonèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Nouvo*

Leta ak kolektivite teritoryal yo, ansanm ak sektè pwodiktif yo, ap devlope fòmasyon teknik ak pwofesyonèl ki koresponn ak bezwen chak teritwa, sitou nan agrikilti, konstriksyon, enèji, antretyen ak nimerik.

Atik 29 Aksè inivèsèl, pa etap, nan swen sante

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Leta ap òganize, pa etap, aksè tout moun nan swen sante, an premye nan mond riral la ak pou kouch ki pi defavorize yo.
2. Lalwa ka òganize mekanis finansman lasante ki efikas, ki solidè epi ki dirab.

Atik 30 Patrimwàn ak kreyativite kiltirèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Leta pwoteje epi valorize patrimwàn materyèl ak imateryèl Nasyon an, epi li fasilite aksè tout moun nan kilti.
2. Yo ankouraje kreyasyon atistik ak kiltirèl kòm sous diyite, idantite ak revni.

Atik 31 Espò, edikasyon fizik ak lwazi

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

Sitwayen yo, kolektivite yo ak Leta, nan yon kad legal, ankouraje epi finanse enfrastrikti ki nesesè pou tout moun ka pratike espò, edikasyon fizik ak lwazi.

Atik 32 Sèvis sivik volontè

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

Lalwa ka òganize yon sèvis sivik volontè ki pèmèt jèn yo bay jarèt nan misyon enterè jeneral, sitou nan edikasyon, anviwònman, sante kominotè ak pwoteksyon sivil.

PATI II

Kontinwite demokratik ak lejitimite

Tranzisyon, eleksyon, dyaspora elektoral · Atik 33 rive 61

Blòk IV — Tranzisyon ak kontinwite Leta

ATIK 33 RIVE 40 *Eleksyon se yon fonksyon pèmanan, se pa yon favè.*

Atik 33 Kontinwite Leta ak pèmanans eleksyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 9*

1. Kontinwite Leta chita sitou sou fonksyonman regilye enstitisyon li yo ak renouvèlman peryodik otorite eli yo.
2. Konsèy elektoral ki gen konpetans lan, nan respè endepandans konstitisyonèl li ak lalwa, asire san rete planifikasyon, preparasyon ak òganizasyon eleksyon yo.
3. Nan peryòd tranzisyon, otorite k ap egzèse pouvwa egzekitif la pou yon ti tan garanti an premye kontinwite Leta, sekirite, fonksyonman sèvis esansyèl yo, ansanm ak endepandans, pwoteksyon ak mwayen lalwa egzije pou Konsèy elektoral la.
4. Òganize eleksyon se pa yon misyon espesyal tranzisyon an ; se yon fonksyon demokratik pèmanan Konsèy elektoral ki gen konpetans lan egzèse. Okenn otorite egzekitif pa ka pran plas Konsèy elektoral la nan administrasyon pwosesis elektoral la.

Atik 34 Egzèsis pouvwa egzekitif la pou yon ti tan

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 10 revize*

1. Tout otorite k ap egzèse pouvwa egzekitif la pou yon ti tan aji dapre Konstitisyon ki an vigè a, sitou atik 149 li sou vakans prezidans lan, ak dapre kad jiridik ki aplikab la.
2. Konpetans li, konpozisyon li ak dire manda li fikse klè epi yo pibliye.
3. Li asire kontinwite enstitisyonèl la san li pa pran plas enstitisyon endepandan yo, ni egzèse konpetans lalwa pa ba li.

Atik 35 Limit pouvwa tranzisyon an

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 11*

1. Otorite tranzisyon an egzèse sèlman pouvwa ki nesesè pou kontinwite Leta ak pwoteksyon enterè jeneral la.
2. Li evite, eksepte lè gen yon nesesite piblik ki byen jistifye epi dapre lalwa, angajman ki pa ka defèt oswa ki dire lontan, ki ta mare twòp otorite eli k ap vini yo.
3. Li pa ka chanje lòd konstitisyonèl la andeyò pwosedi Konstitisyon an prevwa.

Atik 36 Kontinwite enstitisyon esansyèl yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 12*

1. Pandan tout peryòd tranzisyon, Leta garanti, nan limit kapasite l ak dapre lalwa, kontinwite fonksyon esansyèl yo, sitou : sekirite ak pwoteksyon popilasyon an, lajistis, lasante, edikasyon, finans piblik, administrasyon teritoryal, enfrastrikti ak sèvis esansyèl, pwoteksyon chèf enstitisyon yo, fonksyonman ak pwoteksyon enstitisyon elektoral yo.
2. Tranzisyon an pa kanpe fonksyonman nòmal enstitisyon ki gen pwòp konpetans konstitisyonèl oswa legal yo.

Atik 36-1 Pa ekspoze ajan piblik yo ak itilizatè yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 84 · Pwopozisyon P1*

1. Leta pa ka egzije yon ajan piblik ni yon itilizatè pou l prezante nan yon kote fòs piblik la pa kapab pwoteje.
2. Otorite ki gen konpetans lan ka, pa yon desizyon ki gen rezon, ki pibliye, ki limite nan tan epi yo revize regilyèman, deklare « zòn pwoteksyon ensifizan » yon teritwa kote yo pa ka garanti sekirite moun yo sou dire. Desizyon sa a pa ka gen kòm efè pou l prive popilasyon an aksè nan sèvis piblik esansyèl yo (atik 8 ak 36).
3. Nan yon zòn konsa, chak sèvis administratif (taks, eta sivil, idantifikasyon, ladwàn, lajistis ak lòt) deplase nan yon kote ki an sekirite, fonksyone a distans oswa pa ekip mobil ki anba pwoteksyon, dapre yon plan kontinwite piblik.
4. Yo pa ka sanksyone okenn ajan piblik paske li refize travay nan yon kote sekirite l pa asire. Administrasyon an ba li san reta yon lòt pòs ki an sekirite, san li pa pèdi salè l.

Atik 37 Endepandans, kontinwite ak mwayen Konsèy elektoral la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 13 · revize apre odit 2026*

1. Konsèy elektoral ki gen konpetans lan kenbe tout responsablite planifikasyon, preparasyon, òganizasyon ak administrasyon eleksyon yo, dapre Konstitisyon an ak lalwa.
2. Li kenbe yon planifikasyon elektoral pèmanan ki gen ladan l mizajou rejis elektoral la, preparasyon lojistik, pwogramasyon eleksyon yo, evalyasyon risk yo ak fòmasyon estrikti teritoryal li yo.
3. Bidjè li prezante, otorize, egzekite, kontwole epi pibliye dapre règ konstitisyonèl ak finansye ki aplikab yo, san desizyon elektoral li yo pa tonbe anba otorite Egzekitif la.
4. Tout chanjman nan kalandriye a se otorite elektoral ki gen konpetans lan ki fè l ; li dwe gen baz jiridik, rezon, kalkil sa l ap koute, epi li dwe pibliye. Rezilta yo pibliye pa biwo vòt nan kondisyon lalwa prevwa, anba rezèv pwoteksyon done yo.

Atik 38 Obligasyon pou bay sipò san antre nan zafè Konsèy la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 14*

1. Otorite egzekitif la, menm nan peryòd tranzisyon, bay Konsèy elektoral la, dapre lalwa ak kredi ki otorize kòmsadwa : sekirite ki nesesè, pwoteksyon pèsonèl li ak lokal li, mwayen administratif ak lojistik ki nan men Leta ak resous bidjetè lalwa mete disponib.

2. Sipò sa a pa bay Egzekitif la okenn pouvwa pou dirije, administre oswa abitre pwosesis elektoral la.

Atik 39 Dekonsantrasyon ak kontinwite teritoryal Leta

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 15*

1. Pòtoprens rete kapital Repiblik la dapre Konstitisyon an.
2. Pou ranfòse kontinwite Leta epi diminye konsantrasyon administrasyon an, yo ka, pa etap, dekonsantre kèk fonksyon piblik nan plizyè pòl rejyonal, tankou Gran Nò a, dapre lalwa.
3. Dekonsantrasyon sa a pa chanje ni estati konstitisyonèl kapital la ni konpetans kolektivite teritoryal yo.

Atik 40 Dire ak fen tranzisyon an

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 16*

1. Tout peryòd tranzisyon rete eksepsyonèl, tanporè epi soumèt a Konstitisyon an. Kad jiridik ki aplikab la fikse konpetans ak delè otorite tranzisyon yo.
2. Fen yon tranzisyon antre nan yon sik elektoral pèmanan Konsèy elektoral ki gen konpetans lan administre, ak nan retablisman regilye enstitisyon reprezantatif yo.
3. Okenn otorite tranzisyon pa ka pwolonje pouvwa li sou pretèks yon reta elektoral li menm te lakoz, li te kenbe oswa li te itilize pou anpeche Konsèy elektoral la egzèse konpetans li an endepandans.

Blòk V — Eleksyon ak lavi politik

ATIK 41 RIVE 52 *Menm règ la pou tout elektè, nan tout zòn.*

Atik 41 Prensip elektoral yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 17*

Eleksyon yo òganize dapre Konstitisyon an ak lejislasyon elektoral la. Yo respekte prensip libète, inivèsalite, egalite, vòt sekrè, sensèrite, peryodisite ak transparans.

Atik 42 Òganizasyon eleksyon pa teritwa oswa pa etap

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 18 · revize apre odit 2026*

1. Konsèy elektoral ki gen konpetans lan òganize operasyon elektoral yo dapre Konstitisyon an ak lejislasyon elektoral la.
2. Lè lalwa otorize sa, li ka adopte modalite pa teritwa oswa pa etap pou reponn a difikilte sekirite, katastwòf, aksesibilite oswa lojistik, san sa pa kraze egalite ant elektè yo.
3. Kontra sa a pa fikse ni yon dire obligatwa, ni yon fenèt inifòm an kantite jou. Se Konsèy elektoral la ki fikse dire a nan yon desizyon ki gen rezon, ki pwopòsyonèl ak difikilte yo, epi ki ka konteste dapre chemen rekou lalwa prevwa.

Atik 43 Garanti eleksyon pa teritwa oswa pa etap

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 19 · revize apre odit 2026*

1. Tout òganizasyon pa teritwa oswa pa etap pwoteje egalite ant elektè yo, inisite vòt la, sekrè vòt la, entegrite tabilasyon an, menm règ elektoral pou tout moun, chèn konsèvasyon an ak chemen rekou yo.
2. Anvan eleksyon an, Konsèy elektoral la pibliye kritè pou separe etap yo, kalandriye a, mezi sekirite yo, règ pou konsève materyèl la ak kondisyon pou pwoklame rezilta yo. Okenn rezilta pasyèl pa ka sèvi pou chanje règ ki aplike nan zòn ki poko vote yo.

Atik 44 Adaptasyon ak eksperimantasyon elektoral

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 20 · revize apre odit 2026*

1. Tout adaptasyon oswa eksperimantasyon sou òganizasyon materyèl yon eleksyon se Konsèy elektoral ki gen konpetans lan ki responsab li, epi li dwe gen yon baz jiridik ki solid.
2. Anvan, yo ka fè yon analiz jiridik, yon similasyon, yon odit teknik ak yon tès sekirite.
3. Okenn eksperimantasyon pa ka enpoze yon lòd rijid pou eleksyon yo, yon dire obligatwa an chif, yon chanjman nan konpozisyon yon enstitisyon konstitisyonèl, ni yon derogasyon a kondisyon konstitisyonèl sou kandidati ak manda.

Atik 45 Priyorite pou demokrasi teritoryal la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 21*

Renouvèlman regilye enstitisyon kolektivite teritoryal yo se yon pati esansyèl demokrasi a. Leta ak Konsèy elektoral ki gen konpetans lan pran, chak nan konpetans pa l, mezi ki nesesè pou eleksyon teritoryal yo fèt regilyèman.

Atik 46 Desizyon elektoral teritoryal ki gen rezon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 22 · revize apre odit 2026*

1. Anba rezèv yon baz jiridik ki konfòm ak Konstitisyon an ak lejislasyon elektoral la, Konsèy elektoral ki gen konpetans lan ka adapte modalite operasyonèl yo nan kèk teritwa.
2. Apre konsiltasyon ki nesesè, Konsèy la deside lòd ak kalandriye operasyon elektoral yo dapre ijans enstitisyonèl, sekirite, kapasite teknik ak egalite aksè. Desizyon an gen rezon, li pibliye epi li ka konteste dapre chemen rekou lalwa prevwa.
3. Kontra sa a pa kreye okenn papòt otomatik syèj pou yon chanm ka chita, li pa chanje okenn kowòm konstitisyonèl, epi li pa konsidere yon syèj ki vid tankou yon syèj ki okipe sou plan jiridik.

Atik 47 Awondisman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 23*

Awondisman an kenbe estati Konstitisyon an ak lalwa ba li. Li ka sèvi kòm espas kowòdinasyon administratif oswa ant komin yo nan limit kad sa a. Kontra sa a pa kreye okenn nouvo kategori kolektivite teritoryal.

Atik 48 Patisipasyon sivik
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 24*

Yo ankouraje chak sitwayen ki jwi dwa sivil ak dwa politik li pou l enskri sou lis elektoral la, pou l kenbe enfòmasyon li ajou, pou l patisipe nan eleksyon ak konsiltasyon piblik yo, epi pou l egzèse dwa kontwòl demokratik li.

Atik 49 Patisipasyon nan eleksyon
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 25*

1. Leta ankouraje moun vote pa mwayen edikasyon sivik, biwo vòt ki aksesib, sitou pou moun ki andikape, enfòmasyon ak senplifikasyon administratif.
2. Kontra sa a pa kreye okenn sanksyon ki ta touche yon dwa fondamantal paske yon moun pa vote.

Atik 50 Idantifikasyon nasyonal
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 26*

Idantifikasyon nasyonal la òganize dapre lalwa. Yo pa ka refize yon moun yon dokiman idantifikasyon fondamantal pou rezon politik, ni paske li vote oswa li pa vote.

Atik 51 Patisipasyon demokratik san rete
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 27*

Leta ankouraje yon kilti patisipasyon demokratik ki gen ladan l eleksyon, konsiltasyon, asanble teritoryal, mekanis patisipatif, aksè nan enfòmasyon ak kontwòl sitwayen.

Atik 52 Enstitisyonalizasyon lavi politik la
Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Ant Leta ak sitwayen yo, Palman an, asanble lokal yo, pati politik yo ak asosyasyon yo se estrikti medyasyon kote aksyon politik la devlope.
2. Lalwa ka ranfòse fonksyonman demokratik anndan pati politik yo, transparans finansman yo ak responsablite yo. Règ Konstitisyon an fikse pou rive sou pouvwa ak pou egzèse pouvwa respekte avèk rigè.

Blòk VI — Dyaspora, nasyonalite ak rejis elektoral
ATIK 53 RIVE 61 *Konte sitwayen yo, san fiche yo.*

Atik 53 Nasyonalite ak apatenans nasyonal
Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + Konstitisyon*

1. Règ sou jan yon moun genyen, pèdi, rekipere nasyonalite oswa genyen plizyè nasyonalite depann sèlman de Konstitisyon ki an vigè a ak lalwa.
2. Kontra sa a ankouraje yon deba nasyonal ak tèt poze sou vrè enterè peyi a nan zafè nasyonalite, epi li rekonèt atachman Ayisyen ki etabli lòt bò yo genyen pou tè kote yo soti a.

Atik 54 Patisipasyon elektoral sitwayen ki etabli lòt bò

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 28 revize*

1. Patisipasyon elektoral sitwayen ayisyen ki etabli lòt bò ka òganize nan kondisyon Konstitisyon ki an vigè a prevwa, sitou nan zafè nasyonalite, dapre lejislasyon elektoral la ak akò entènasyonal ki aplikab yo.
2. Lalwa fikse ki eleksyon sa konsène ak nan ki kondisyon moun yo ka egzèse dwa sa a.

Atik 55 Modalite vòt lòt bò

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 29*

Lè lalwa otorize sa, Konsèy elektoral ki gen konpetans lan ka òganize biwo vòt lòt bò, sant elektoral otorize, vòt pa lapòs oswa nenpòt lòt mekanis lalwa otorize epi ki gen ase sekirite.

Atik 56 Aplikasyon vòt lòt bò pa etap

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 30*

Vòt lòt bò ka aplike pa etap, dapre kapasite administratif, kantite moun li konsène, sekirite, kowoperasyon peyi kote yo rete a ak kapasite pou fè odit.

Atik 57 Patisipasyon politik dyaspora a ak limit konstitisyonèl yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 31 · revize apre odit 2026*

1. Dyaspora a patisipe nan lavi nasyonal la pa vòt lòt bò lè lalwa otorize sa, pa konsiltasyon, ekspètiz, akonpayman, envestisman ak kodevlopman.
2. Kontra sa a pa kreye okenn syèj palmantè rezève, okenn manda eli anplis, ni okenn reprezantasyon otomatik.
3. Tout chanjman nan konpozisyon konstitisyonèl Palman an oswa nenpòt lòt enstitisyon mande pwosedi konstitisyonèl ki gen konpetans lan epi, lè sa nesesè, yon revizyon ki adopte kòmsadwa.

Atik 58 Sekirite vòt lòt bò

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 32*

Tout mekanis vòt lòt bò garanti idantifikasyon elektè a, sekrè vòt la, entegrite operasyon yo, chèn konsèvasyon, obsèvasyon, odit ak chemen rekou yo.

Atik 59 Idantifikasyon ak administrasyon elektoral

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 33*

1. Ofis Nasyonal Idantifikasyon (ONI) egzèse konpetans lalwa ba li nan zafè idantifikasyon. Konsèy elektoral ki gen konpetans lan egzèse konpetans konstitisyonèl ak legal li sou rejis elektoral la ak eleksyon yo.
2. Lè sistèm yo ka pale ansanm, sa pa retire endepandans fonksyonèl chak enstitisyon.

Atik 60 Kominikasyon ant sistèm enstitisyon yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 34*

Enstitisyon piblik yo ka pataje done ki strikteman nesesè pou yo egzèse konpetans legal yo. Tout pataj respekte objektif legal la, nesesite, pwopòsyonalite, sekirite ak trasabilite.

Atik 61 Pwoteksyon done pèsonèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 35*

1. Lalwa fikse garanti ki aplikab pou kolekte, trete, konsève ak pataje done pèsonèl.
2. Pa janm gen dwa mete kontni yon vòt ansanm ak idantite elektè a.

PATI III

Kapasite Leta ak devlopman

Sekirite, lajistis, finans, teritwa ak kodevlopman · Atik 62 rive 134

Blòk VII — Sekirite, lajistis ak entegrite piblik

ATIK 62 RIVE 89 *Pwoteje san vin abitrè.*

Atik 62 Doktrin sekirite

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36*

1. Politik sekirite piblik la respekte Konstitisyon an, dwa fondamantal yo ak konpetans enstitisyon lalwa tabli yo.
2. Li chita sou chèn sa a : prevansyon, ransèyman legal, prezans sou teritwa a, entèvansyon, ankèt, kontwòl jidisyè, jijman ak reyentegrasyon.
3. Li kowòdone nan kondisyon atik 63 rive 74 yo, san yo pa melanje kòmandman yo.

Atik 63 Distenksyon ak kowòdinasyon Fòs piblik la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-1*

1. Fòs piblik la toujou gen de kò separe, Fòs Lame d Ayiti (FAdH) ak Polis Nasyonal d Ayiti (PNH), dapre Konstitisyon an.
2. Kowòdinasyon atik 64 rive 74 yo prevwa a pa melanje ni kòmandman yo, ni misyon yo, ni bidjè yo, epi li pa kreye okenn lòt kò ame.
3. Fòs sekirite yo pwoteje, entèvni epi arete moun dapre lalwa ; yo pa jije ni yo pa kondane (atik 4).

Atik 64 Kowòdinasyon nasyonal sekirite sou baz lalwa

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-2 revize · revize apre odit 2026*

1. Se otorite ak enstitisyon ki egziste deja yo ki fè kowòdinasyon nasyonal sekirite a, nan limit konpetans yo. Lalwa ka kreye, transfòme oswa deziyen yon òganis konsiltatif kowòdinasyon, san pouvwa kòmandman epi san li pa pran plas otorite konstitisyonèl ak legal yo.
2. Kontra sa a pa kreye okenn Konsèy otonòm sou plan konstitisyonèl, okenn fòs, okenn kò ame ni okenn syèj enstitisyonèl. Konpozisyon, enkonpatibilite, rapò bay Palman an, règ konfidansyalite ak bidjè eventyèl la depann sèlman de lalwa.
3. Se otorite ki gen konpetans nan chak kò ki toujou pran desizyon kòmandman yo.

Atik 65 Sekretarya pèmanan

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-3*

1. Konsèy la gen yon sekretarya pèmanan, sivil epi pwofesyonèl, yon sekretè pèmanan dirije, ki nonmen dapre yon pwosedi piblik lalwa fikse.

2. Sekretarya a fè veye san rete, li prepare epi swiv desizyon yo, li kenbe rejis alèt ak rekizisyon yo, li òganize egzèsis yo epi li ekri rapò yo. Li gen yon bidjè ki klè (atik 6) ak yon pèsonèl ki gen otorizasyon sekirite.

Atik 66 Ransèyman : kowòdinasyon minis ak fonksyon kontwòl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-4 revize · revize apre odit 2026*

1. Lalwa ka òganize kowòdinasyon minis yo sou sèvis ransèyman yo epi fikse ke okenn minis pa bay yon lòd operasyonèl pou kont li andeyò konpetans legal li.
2. Fonksyon kontwòl endepandan an ka konfye bay yon enstitisyon ki egziste deja e ki gen konpetans legal, oswa bay yon òganis lalwa kreye, ak garanti endepandans, konpetans, aksè nan enfòmasyon ak chemen rekou.
3. Kontra sa a pa kreye dirèkteman okenn otorite kontwòl. Tout teknik ki antre nan vi prive moun toujou mande otorizasyon davans otorite jidisyè lalwa deziyen. Siveyans politik ilegal entèdi.

Atik 67 Pwotokòl rekizisyon Fòs Lame d Ayiti

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-5*

1. Dapre atribisyon konstitisyonèl FAdH pou yo bay Polis la men fò, sou demann Egzekitif la ak rezon, lè Polis la pa ka fè travay li, lalwa ka tabli yon pwotokòl ki gen ladan l :
   a) yon demann ekri Egzekitif la, ak rezon, ki di sitiyasyon an, kote a, konbyen tan sa ka dire ak mwayen yo mande ;
   b) yon resi imedya ;
   c) yon repons ekri nan yon delè maksimòm lalwa fikse epi pibliye, ki pi kout lè gen ijans ;
   d) yon refi posib sèlman si sa pa posib materyèlman oswa si li klèman ilegal, pa yon desizyon ekri ak rezon yo voye bay Konsèy Nasyonal Sekirite a ;
   e) lè gen ijans, yon demann oral yo konfime alekri nan yon delè lalwa fikse.
2. FAdH aji anba pwòp kòmandman li, pou dire ak objektif rekizisyon an, san li pa pran plas Polis la, epi li rann kont lè misyon an fini. Chak rekizisyon ekri nan rejis sekretarya pèmanan an.

Atik 68 Atak kont yon chèf enstitisyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-6*

1. Lalwa ka prevwa ke yon atak ame oswa yon menas grav ki prèt pou rive kont moun, rezidans oswa kòtèj yon chèf enstitisyon se yon sitiyasyon ijans ki jistifye pou mete mwayen FAdH an alèt epi fè yo deplase, sou demann Direktè jeneral PNH, chèf dispozitif pwoteksyon an oswa nenpòt lòt responsab lalwa deziyen.
2. Alèt la vle di mete an alèt epi deplase mwayen yo ; li pa vle di angaje yo. Angajman an toujou depann de demann Egzekitif la Konstitisyon an prevwa. Lè otorite k ap egzèse pouvwa egzekitif la li menm vize oswa li anpeche, se otorite lalwa deziyen pou ranplase l ki konfime demann lan.
3. Chèf enstitisyon yo se otorite lalwa deziyen, sitou Chèf Egzekitif la, Premye minis la, prezidan de chanm Palman yo ak prezidan Lakou Kasasyon an.
4. Okenn dispozisyon nan atik sa a pa vo deklarasyon eta desyèj, ki toujou anba règ Konstitisyon an.

Atik 69 Pwoteksyon chèf enstitisyon yo anba yon sèl kòmandman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-7*

1. Lalwa ka konfye pwoteksyon Chèf Egzekitif la ak lòt chèf enstitisyon yo bay yon sèl dispozitif, anba yon sèl kòmandman anndan PNH. Kòmandan an reponn pou aksyon li devan otorite lalwa deziyen, pa devan moun li pwoteje a. Pa gen dwa gen okenn sèvis oswa gad paralèl (atik 63).
2. Lalwa ka prevwa yon otorizasyon sekirite yo renouvle, yon wotasyon ajan ak responsab yo, yon doub chèn alèt ak lè ak dat anrejistre, yon odit ekstèn chak ane ak yon rezime piblik, ak yon ranfò pa yon inite reyaksyon rapid PNH.

Atik 70 Inite elit Polis Nasyonal la anba yon sèl kòmandman operasyonèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-8*

1. Lalwa ka mete, anndan PNH epi anba otorite Direktè jeneral li, inite espesyalize entèvansyon, pwoteksyon ak kenbe lòd yo anba yon sèl kòmandman operasyonèl, anndan polis la, ki chita sou yon lwa.
2. Kòmandman sa a pa kreye ni yon lòt kò ni yon lòt bidjè. Inite yo rete anba disiplin polis la, règ fòmasyon, sètifikasyon ak zam yo (atik 75 rive 79) ak garanti atik 83.
3. Inite sa yo fè egzèsis ansanm ak FAdH omwen yon fwa chak ane, ki gen ladan l senaryo atik 68.

Atik 71 Polis jidisyè, endepandans ankèt yo ak kowoperasyon entènasyonal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-9 revize · revize apre odit 2026*

1. Lè PNH ap egzèse misyon polis jidisyè, li aji anba direksyon fonksyonèl minis piblik la ak anba kontwòl tribinal ki gen konpetans yo, dapre lalwa.
2. Okenn minis ni okenn chèf polis pa ka bay lòd nan yon dosye endividyèl, ni anpeche oswa fè reta yon zak ankèt lalwa bay lòd pou fè.
3. Tout ekstradisyon, remiz oswa transfè entènasyonal yon moun ki gen yon pwosedi jidisyè sou tèt li dwe respekte Konstitisyon an, trete ki an vigè yo, lalwa, dwa defans lan ak otorizasyon otorite jidisyè ki gen konpetans lan. Yon desizyon administratif pa ka retire dosye a nan men jij ki chaje l la san li pa respekte pwosedi a.

Atik 72 Kontwòl palmantè ak rann kont

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-10*

1. Komisyon palmantè sekirite a resevwa rapò Konsèy Nasyonal Sekirite a ak otorite kontwòl ransèyman an ; li ka fè odisyon epi jwenn aksè nan anèks klase yo nan kondisyon lalwa fikse. Li pa patisipe nan operasyon yo.
2. Chak ane Konsèy la pibliye yon rapò piblik (alèt, rekizisyon, delè repons, egzèsis, odit). FAdH ak PNH remèt chak ane yon rapò sou egzekisyon bidjè yo ak rezilta yo. Chak klasman dwe gen rezon, li limite nan tan epi li ka revize (atik 7).

Atik 73 Baryè pwoteksyon
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-11*

1. Okenn nan mekanis atik 64 rive 72 yo pa ka sèvi pou siveye, entimide oswa pouswiv opozisyon pasifik la, jounalis yo oswa sendika legal yo, ni pou enfliyanse yon eleksyon. FAdH rete apolitik ; sipò li bay Konsèy elektoral la fèt san li pa antre nan zafè l (atik 38).
2. Nenpòt moun ki konnen gen yon abi ka siyale l, epi lalwa ka pwoteje moun ki bay alèt de bòn fwa.

Atik 74 Aplikasyon ak evalyasyon dispozitif sekirite a
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 36-12*

1. Atik 63 rive 73 yo aplike pa etap, ak lwa aplikasyon, kalandriye, endikatè, rapò chak ane ak evalyasyon endepandan.
2. Dapre klòz final sou yerachi nòm yo, okenn nan atik sa yo pa chanje Konstitisyon an, pa kreye enstitisyon konstitisyonèl, pa chanje yon konpetans konstitisyonèl, pa kreye enfraksyon ni sanksyon, epi pa angaje okenn depans.

Atik 75 Fòmasyon polis
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 37*

Fòmasyon polis òganize dapre dispozisyon konstitisyonèl sou Akademi ak Lekòl Polis la ak lejislasyon ki aplikab la. Enstitisyon sa yo ka, lè lalwa pèmèt sa, gen antèn teritoryal ak pwogram depatmantal anba otorite yo.

Atik 76 Fòmasyon preparatwa
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 38*

Tout fòmasyon akselere oswa preparatwa se sèlman yon premye etap. Li pa ranplase fòmasyon ak sètifikasyon lalwa egzije pou yon moun egzèse tout pouvwa polis.

Atik 77 Estati estaj
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 39*

Pèsonèl k ap fòme oswa ki nan peryòd estaj egzèse sèlman misyon lalwa otorize, anba sipèvizyon ki nesesè.

Atik 78 Limit pèsonèl ki poko sètifye
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 40*

Anvan sètifikasyon konplè, pèsonèl sa a pa ka egzèse pouvwa lalwa rezève pou ajan ki gen tout otorizasyon.

Atik 79 Pòt zam
Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 41*

Pòte ak itilize zam nan fonksyon piblik sekirite soumèt a Konstitisyon an, lalwa, fòmasyon, sètifikasyon ak otorizasyon otorite ki gen konpetans lan.

Atik 80 Fòmasyon kontinyèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 42*

Fòmasyon kontinyèl pèsonèl sekirite yo kouvri sitou dwa moun, polis jidisyè, kenbe lòd, sibèkriminalite, kriminalite òganize, medyasyon, entegrite, egalite tretman ak pwoteksyon moun ki vilnerab, sa gen ladan l fanm ak timoun ki viktim vyolans.

Atik 81 Polis kominotè

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 43*

1. Polis kominotè se yon doktrin pwoksimite ki egzèse sèlman nan kad enstitisyonèl PNH.
2. Li pa yon polis minisipal otonòm, ni yon fòs ame anba otorite politik yon kolektivite teritoryal.

Atik 82 Kriminalite òganize ak menas konplèks

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 44*

Lalwa ka òganize oswa ranfòse kapasite espesyalize kont kriminalite òganize, trafik, sa gen ladan l trafik moun, blanchiman lajan, finansman kriminèl ak lòt menas lalwa defini. Kapasite sa yo rete anba garanti konstitisyonèl yo ak kontwòl otorite ki gen konpetans yo.

Atik 82-1 Vijilans kont tranzaksyon anba kontrent

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 86 · Pwopozisyon P6*

1. Enstitisyon finansye yo veye espesyalman sou operasyon ki montre siy kontrent : kliyan ki vini ak yon lòt moun k ap pale oswa deside pou li, kliyan ki klèman anba presyon, retrè oswa vèsman ki gwo, ijan epi ki pa abitye fèt, yon kont yo fèmen sanzatann, vèsman youn dèyè lòt bay nouvo benefisyè san okenn lyen ki parèt.
2. Yo fòme pèsonèl yo pou yo rekonèt siy sa yo, pou yo reyaji san yo pa mete kliyan an ni tèt yo an danje, epi yo gen yon mwayen alèt ki fèt an kachèt.
3. Nan kondisyon lalwa fikse, enstitisyon an gen otorizasyon epi li oblije fè yon operasyon konsa tann pou yon ti tan, avèti san reta polis jidisyè a ak inite ransèyman finansye a, epi ekri desizyon l nan dosye. Yo prezante reta a tankou aplikasyon yon règ jeneral, janm tankou yon desizyon ki vize kliyan an.
4. Pèsonèl ki aji de bòn fwa jwenn pwoteksyon lalwa ba li.

Atik 82-2 Delè sekirite inifòm ak plafon pèsonèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 86 · Pwopozisyon P7*

1. Pou dekouraje retrè ak vèsman yo fè moun fè anba kontrent, lalwa oswa otorite sipèvizyon an ka enpoze tout enstitisyon delè sekirite inifòm epi piblik, sitou : yon delè anvan yo mete lajan kach disponib lè retrè a depase yon papòt ; yon delè anvan yo egzekite yon vèsman bay yon nouvo benefisyè oswa ki depase yon plafon ; yon delè ak yon konfimasyon anplis pou ogmante plafon vèsman an liy oswa pou chanje aparèy oswa nimewo ki anrejistre a.
2. Mezi sa yo aplike menm jan pou tout kliyan epi piblik la konnen yo : mennen yon viktim labank pa pèmèt jwenn lajan an touswit ankò.

3. Chak kliyan ka chwazi davans yon plafon sekirite pèsonèl, se li sèl ki ka ogmante l apre yon delè, epi li ka deziyen yon moun konfyans ki gen dwa mande pou yo bloke mwayen peman l yo imedyatman.
4. Bezwen vital ijan (sante, ijans fanmi) trete dapre pwosedi lalwa prevwa, ak prèv, san yo pa mete kliyan an an risk.

Atik 82-3 Peyaj ak prelèvman pou pase

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 88 · Pwopozisyon P12*

1. Yo pa ka egzije yon moun oswa yon machin okenn peyaj, dwa pou pase, « frè sekirite », kontribisyon oswa prelèvman paske l ap pase sou yon wout, yon pon, yon pò oswa yon wout piblik, si li pa : tabli pa lalwa ; kolekte pa yon òganis piblik ki idantifye ; fikse dapre yon tarif ki pibliye ; bay kont yon resi ofisyèl ; epi vèse bay Trezò piblik la oswa kolektivite ki gen konpetans lan.
2. Tout peyaj ki pa ranpli kondisyon sa yo ilegal, kèlkeswa moun k ap egzije l : gwoup ame, moun k ap fè kòm si li se otorite lokal, ajan piblik k ap aji andeyò fonksyon l oswa entèmedyè. Pèsonn pa oblije peye l. Yon peman yo jwenn anba menas oswa kontrent pa janm vo konsantman epi li pa kreye okenn dwa.
3. Tout baraj, mi, barikad oswa lòt obstak yo mete sou yon wout piblik san otorizasyon legal ilegal. Fòs piblik la retire l, nan kondisyon ak garanti lalwa fikse.
4. Leta pibliye lis sèl peyaj legal yo, tarif yo ak kote lajan an ale.

Atik 82-4 Responsablite otè yo, konplis yo ak ajan piblik yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 88 · Pwopozisyon P13*

1. Nenpòt moun ki enstale, òganize, eksplwate, pwoteje oswa pwofite yon peyaj oswa yon baraj ilegal, kit li manm oswa chèf yon gwoup ame, ajan piblik, eli, otorite lokal oswa entèmedyè, dwe reponn pou aksyon l devan tribinal ki gen konpetans yo, nan respè prezonpsyon inosans ak dwa defans lan (atik 4).
2. Kalite ajan piblik, eli oswa otorite lokal pa janm yon rezon pou enpinite ; lalwa ka konsidere l kòm sikonstans agravan. Lòd yon chèf pa jistifye kolekte yon prelèvman ilegal.
3. Ankèt yo fèt san okenn moun pa bay lòd nan dosye endividyèl la (atik 71). Ajan piblik yo mete an kòz yo retire nan fonksyon kontwòl yo pandan ankèt la, nan kondisyon lalwa fikse.
4. Kontra a pa kreye okenn enfraksyon ni sanksyon : se lwa penal la ki kalifye fè sa yo (pa egzanp rakèt, konkisyon, asosyasyon malfektè) epi ki fikse pèn yo (klòz final).

Atik 83 Garanti fondamantal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 45*

1. Sa ki entèdi sitou : tòti ; tretman mechan, inimen oswa degradan ; prizon sekrè ; detansyon ki pa anrejistre ; siveyans politik ilegal ; kriminalize opozisyon pasifik la ; kriminalize jounalis oswa sendikalis legal.
2. Prensip atik 4 aplike nèt ale nan operasyon sekirite yo ak nan sèvis atik 66 vize yo.

Atik 83-1 Okenn kote ni òganizasyon ki prepare vyolans kont sitwayen

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 90 · Pwopozisyon P19*

1. Otorite piblik yo ak lajistis pa tolere egzistans okenn kote, gwoup, sosyete oswa òganizasyon, kèlkeswa estati l oswa non l (sivil, relijye, tradisyonèl oswa lòt), ki gen aktivite ki se prepare, òganize, kòmande, finanse oswa fasilite zak pou blese, domaje, sekestre oswa touye sitwayen.
2. Depi yo siyale yon fè konsa, minis piblik la ak polis jidisyè a louvri yon ankèt san tann plent, anba kontwòl jij la. Temwen yo, viktim yo ak fanmi yo pwoteje (atik 71, 73 ak 88).
3. Lwa penal la (asosyasyon malfektè, konplo, konplisite, menas, asasina) aplike menm jan pou tout moun, kèlkeswa kalite otè a : ajan piblik, eli, chèf relijye oswa lòt. Lalwa ka prevwa, pa desizyon tribinal, disolisyon òganizasyon an ak fèmen kote a.
4. Dispozisyon sa yo vize zak, janm kwayans ni rit ki legal. Libète konsyans, libète relijyon ak libète asosyasyon rete nèt (Konstitisyon, atik 30 rive 30-2). Yo pa vize okenn òganizasyon akoz relijyon l, epi yo pa pouswiv pèsonn sou baz yon denonsyasyon, yon rimè oswa yon akizasyon espirityèl sèlman.

Atik 83-2 Pwomosyon vyolans, temwayaj piblik ak piblisite

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 90 · Pwopozisyon P20*

1. Nenpòt moun ki fè pwomosyon, ki glorifye oswa ki ankouraje moun fè vyolans oswa touye moun, pa predikasyon, ansèyman, yon espektak, yon piblikasyon, yon emisyon oswa yon rezo sosyal, reponn pou aksyon l devan tribinal yo, dapre lwa penal ayisyen.
2. Deklarasyon piblik kote yon moun di li te fè, kòmande oswa sibi zak konsa, kit yo prezante l kòm konfesyon, temwayaj oswa revelasyon, sa gen ladan l nan yon kad relijye, oswa kote li fè piblisite pou l atire kliyan, fidèl oswa don, yo pote l bay minis piblik la. Li ka mennen nan yon ankèt epi, si fè yo etabli, nan pouswit pou apoloji, ensitasyon, menas, eskwokri oswa nenpòt lòt fè lalwa prevwa. Pou kont li, li pa janm yon prèv koupabilite.
3. Medya yo, platfòm yo, òganizatè rasanbleman yo ak pwofesyonèl piblisite yo pa difize okenn anons, peye oswa gratis, ki pwomèt pou fè yon moun mal oswa pou lakoz lanmò l. Lalwa presize responsablite yo.
4. Viktim yo, fanmi yo ak moun yo akize atò gen dwa pou enfòmasyon, pwoteksyon ak reparasyon (atik 88). Lalwa pini fo denonsyasyon ak apèl pou lenchaj (atik 4).

Atik 84 Detansyon preventiv

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 46*

Detansyon anvan jijman rete yon eksepsyon epi li soumèt a garanti konstitisyonèl ak legal yo. Tout moun yo arete jwenn dwa ak delè Konstitisyon an prevwa.

Atik 85 Rejis detansyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 47*

Lalwa ka òganize yon rejis nasyonal oswa plizyè rejis ki konekte pou verifye idantite moun ki nan prizon an, baz legal detansyon an, dat arestasyon an, otorite ki gen konpetans lan, kote moun nan fèmen ak kote dosye a rive. Yo ka pibliye estatistik yo san non moun.

Atik 86 Jesyon administratif dosye jidisyè yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 48*

Mekanis administratif ka ede idantifye dosye ki fin vye, ki pa konplè, ki konsène moun vilnerab oswa ki pare pou odyans. Yo pa ka bay lòd lage yon moun, pwononse yon kondanasyon, chanje yon desizyon tribinal oswa pran plas jij la.

Atik 87 Altènativ a prizon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 49*

Lè lalwa pèmèt sa, otorite jidisyè yo ka itilize mezi ki pa prive moun libète yo, dapre kalite zafè a ak nivo risk la. Chak mezi rete anba kontwòl jidisyè.

Atik 88 Jistis sitwayen, aksè nan dwa ak dwa viktim yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 · revize apre odit 2026*

1. Chak sitwayen dwe ka idantifye epi rekonèt kòm moun ki gen dwa, epi jwenn lajistis san diskriminasyon akoz kote li rete, lang li pale oswa sitiyasyon sosyal li.
2. Lalwa ka òganize asistans jiridik gratis, jistis pwoksimite ak itilizasyon kreyòl nan pwosedi yo.
3. Lalwa garanti viktim yo, dapre kalite zafè a, dwa pou yo jwenn yon enfòmasyon yo konprann, pwoteksyon kont vanjans, patisipasyon nan pwosedi a, oryantasyon nan sèvis ki ka ede yo ak yon reparasyon otorite ki gen konpetans lan bay lòd pou fè.

Atik 88-1 Blokaj pwovizwa, swiv lajan an ak pwoteksyon viktim yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 86 · Pwopozisyon P8*

1. Sou demann viktim nan, fanmi l oswa otorite a, ak yon deklarasyon kidnapin oswa kontrent, enstitisyon an bloke pwovizwaman, san reta, operasyon k ap fèt yo ak mwayen peman ki konsène yo, epi li enfòme otorite jidisyè a, dapre lalwa.
2. Enstitisyon yo idantifye epi siyale bay inite ransèyman finansye a kont ki resevwa lajan ki gen rapò ak ranson. Yo aplike san reta mezi jèl lalwa oswa rezolisyon Konsèy Sekirite ki aplikab yo deside, epi yo pa louvri ni kenbe okenn kont pou yon moun ki anba yon mezi konsa.
3. Lajan ranson ka jele, sezi epi remèt viktim yo pa desizyon tribinal, dapre lalwa.
4. Viktim nan jwenn akonpayman dapre atik 88 epi li pa peye okenn frè bank pou operasyon yo te fè l fè anba kontrent. Lalwa presize responsablite enstitisyon ki, san rezon lejitim, pa t aplike mezi vijilans obligatwa yo.

Atik 88-2 Pwoteksyon itilizatè yo, transpòtè yo ak komèsan yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 88 · Pwopozisyon P14*

1. Chofè, pasaje, transpòtè oswa komèsan ki peye yon prelèvman ilegal anba menas oswa kontrent se yon viktim. Yo pa ka pouswiv li ni sanksyone l pou sa sèlman, epi peman sa a pa ka konsidere kòm konplisite ni kòm finansman aktivite kriminèl oswa teworis. Lefèt li pa siyale l pa ase pou montre konplisite.
2. Li jwenn dwa viktim atik 88 prevwa yo epi li gen yon kanal pou siyale ki an sekirite epi ki konfidansyèl.

3. Tarif ofisyèl transpò yo fikse epi revize pa konsètasyon piblik, an konsiderasyon kondisyon reyèl travay la.

Atik 89 Entegrite piblik ak dispozitif kont koripsyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 50 · revize apre odit 2026*

1. Nan respè Konstitisyon an, separasyon pouvwa yo ak òganizasyon jidisyè a, lalwa ranfòse enstitisyon ki gen konpetans legal nan prevansyon, kontwòl, ankèt administratif, ransèyman finansye ak kowoperasyon kont koripsyon, detounman, fwod, konfli enterè, blanchiman lajan ak finansman kriminèl.
2. Kontra sa a pa kreye okenn nouvo otorite kont koripsyon. Lalwa ka reòganize, fizyone, deziyen oswa kreye yon òganis apre yon evalyasyon enstitisyon ki egziste deja yo, epi apre li fin fikse konpetans li, garanti endepandans li, bidjè li, kontwòl li ak chemen rekou yo.
3. Se otorite jidisyè ki gen konpetans yo ki fè pouswit penal yo. Deklarasyon byen oswa enterè, pwoteksyon moun ki bay alèt, prezonpsyon inosans ak dwa defans lan regle pa lalwa.

Blòk VIII — Finans piblik, fiskalite ak transparans ekonomik

ATIK 90 RIVE 106 *Kòb la soti kote, li ale kote, li bay ki rezilta.*

Atik 90 Disiplin nan depans piblik ak pewòl ofisyèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 51 · revize apre odit 2026*

1. Politik bidjetè a vize pou diminye estrikti ki fè menm travay la de fwa, avantaj ki pa jistifye, acha ki pa klè, travay fiktif ak depans ki pa pwodwi anyen. Li pwoteje fonksyon esansyèl yo, pwoteksyon sosyal ak envestisman pwodiktif.
2. Salè regilye yon ajan piblik parèt nan yon sèl dosye pewòl, ki mare ak yon zak nominasyon ak yon pòs bidjetè. Tout konpleman pèmanan Trezò a finanse dwe antre oswa parèt nan pewòl ofisyèl la dapre lalwa, li soumèt a retni ak kontwòl ki aplikab yo, epi yo konte l dapre rejim pansyon ki gen konpetans lan.
3. Kat, prim oswa lòt mwayen peman pa ka sèvi pou kache yon salè pèmanan, pou kontoune lwa finans lan oswa pou anpeche odit.

Atik 91 Sivis fiskal ak redistribisyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Chak kontribyab, sa gen ladan l antrepriz yo, peye taks li dwe ; konsa yo rekonèt Leta kòm kanal lejitim pou redistribye richès.
2. Fwi kwasans lan ale an premye, nan kad lwa finans yo, nan edikasyon, lasante, pwoteksyon sosyal ak envestisman nan teritwa yo, nan yon lespri solidarite nasyonal.

Atik 91-1 Okenn penalite akoz ensekirite ; peman ki kite tras

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 84 · Pwopozisyon P2*

1. Yo pa ka mete okenn majorasyon, penalite, enterè pou reta, pèt dwa ni preskripsyon sou do yon kontribyab oswa yon itilizatè ki pa t ka fè yon demach paske biwo ki gen konpetans lan nan yon

zòn pwoteksyon ensifizan, li fèmen, oswa paske ale la mete l an danje. Delè yo sispann pandan tout tan li pa t posib la.

2. Tout peman bay Leta fèt pa yon chemen ki kite tras (vèsman, peman elektwonik, gichè bank ki pa nan yon zòn pwoteksyon ensifizan) nan non Trezò piblik la. Okenn ajan pa ka resevwa lajan kach nan yon zòn konsa.
3. Yon kòb yon gwoup ame oswa nenpòt moun ki pa gen otorizasyon rakete pa efase dèt fiskal la. Men, li pa ka sèvi baz pou okenn sanksyon kont yon kontribyab ki de bòn fwa.
4. Deklarasyon ak peman a distans yo devlope an priyorite epi yo pibliye dapre atik 7 ak 139.

Atik 92 Jesyon dèt piblik la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 52*

Lalwa ka òganize anndan Ministè Ekonomi ak Finans yon sèl fonksyon pou jere dèt piblik la, garanti yo, angajman souveren yo ak pasif eventyèl yo, nan respè konpetans konstitisyonèl Kou Siperyè Kont ak Kontansye Administratif (CSC/CA).

Atik 93 Transparans sou dèt la

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 53*

Enfòmasyon sou dèt piblik la pibliye dapre Konstitisyon an, lejislasyon finansyè a ak atik 7, 61 ak 139 yo. Yo ka bay non kreyansye a, montan an, deviz la, to a, dat echeyans lan, objè a, garanti yo, sous ranbousman an ak balans lan.

Atik 94 Règ lò pou prete lajan

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 54*

Lejislasyon finansyè a ka tabli règ pou dèt la sèvi an premye pou envestisman pwodiktif, enfrastrikti, rezilyans ak bezwen eksepsyonèl lalwa jistifye. Chak gwo angajman ta dwe di konbyen li koute, ki risk li genyen ak ki kote lajan pou ranbouse l ap soti.

Atik 95 Repatisyon fiskal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 55*

Lalwa fikse, nan respè Konstitisyon an ak dwa kolektivite teritoryal yo, baz fiskal yo, otorite ki gen konpetans pou kolekte, kiyès ki benefisye resèt yo, règ pataj yo, mekanis pou remèt lajan an ak mekanis perekwasyon yo.

Atik 96 Règ makwo-fiskal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 56*

Lejislasyon finansyè a ka tabli règ sou defisi, dèt, aryere, garanti, risk bidjetè, finansman monetè ak eksepsyon lè gen gwo kriz. Chak derogasyon dwe gen baz jiridik, li tanporè, li gen rezon epi li pibliye.

Atik 97 Jesyon egzanpsyon ak franchiz ladwàn

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 57*

Egzanpsyon ak franchiz ladwàn bay sèlman dapre lejislasyon ki aplikab la. Pou etidye demann yo, yo ka mete enstitisyon ki gen konpetans yo ansanm dapre yon pwosedi inifòm ki kite tras.

Atik 98 Kondisyon pou bay egzanpsyon ak franchiz

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 58*

Lejislasyon an ka egzije pou chak demann bay non benefisyè a, benefisyè reyèl la lè sa nesesè, machandiz yo, valè yo, dire a, objektif la, konbyen sa ap koute fis la ak rezilta ekonomik yo tann.

Atik 99 Trasabilite ladwàn

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 59*

1. Egzanpsyon ak franchiz yo anrejistre nan sistèm administratif ki gen konpetans yo dapre lalwa.
2. Enfòmasyon ki nesesè pou kontwòl yo konsève yon fason pou yo ka verifye.

Atik 100 Pwodiksyon nasyonal ak batay kont kontrebann

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Enspire nan lide Dr Leslie François Manigat, Dr Mirlande Manigat ak Sen. Youri Latortue*

1. Leta pwoteje pwodiksyon nasyonal la kont kontrebann, fwod ladwàn ak konkirans ki pa jis, sitou sou fwontyè tè ak fwontyè lanmè yo.
2. Lalwa ranfòse kontwòl ladwàn, trasabilite machandiz yo, kowoperasyon sou fwontyè a ak sanksyon ki aplikab yo, epi li prevwa pou yo pibliye chak ane yon rapò sou pèt fiskal yo ak sezi yo, nan respè angajman komèsyal peyi a ratifye kòmsadwa.

Atik 101 Ekspirasyon, sispansyon ak revokasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 60*

Egzanpsyon ak franchiz yo ekspire, yo renouvle, yo sispann oswa yo revoke dapre lejislasyon ki aplikab la. Chak mezi ki pa an favè benefisyè a respekte garanti pwosedi lalwa prevwa.

Atik 102 Evalyasyon depans fiskal yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 61*

Leta ap devlope pa etap yon sistèm evalyasyon depans fiskal ki konpare konbyen sa koute fis la, envestisman yo te anonse ak sa ki reyalize, anplwa, pwodiksyon, ekspòtasyon ak rezilta yo.

Atik 103 Endepandans estatistik

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 62*

Lalwa ka ranfòse endepandans pwofesyonèl ak operasyonèl Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmatik (IHSI). Yon kalandriye estatistik piblik ka prevwa resansman, ankèt sou kay yo ak sou anplwa, estatistik pri, kont nasyonal ak komès ekstèn.

Atik 104 Fon Konpansasyon ak Perekwasyon Kominal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 63*

1. Yo pwopoze pou lalwa kreye yon Fon Konpansasyon ak Perekwasyon Kominal (FCPC), ki mache ansanm ak mekanis finansman kolektivite teritoryal ki egziste deja yo. Fòmil repatisyon li ka konsidere popilasyon an, povrete, mank sèvis, vilnerabilite, izòlman ak kapasite fiskal.
2. Kritè yo, kalkil yo, alokasyon yo ak transfè yo pibliye.
3. Okenn transfè lalwa mande pou fèt pa ka depann abitrèman de koulè politik yon moun oswa yon komin.

Atik 105 Konkirans ak prevansyon monopòl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 64 · revize apre odit 2026*

1. Lalwa ka konfye bay yon enstitisyon ki egziste deja oswa bay yon òganis li kreye fonksyon pou anpeche antant kont konkirans, abi pozisyon dominan ak konsantrasyon ki touye konkirans.
2. Kontra sa a pa kreye dirèkteman okenn otorite. Se lalwa ki fikse konpetans yo, endepandans lan, pwosedi kontradiktwa a, sanksyon eventyèl yo ak chemen rekou yo.

Atik 105-1 Plan sekirite ak kontinwite enstitisyon finansye yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 84 · Pwopozisyon P3*

1. Chak enstitisyon finansye k ap travay nan yon zòn pwoteksyon ensifizan, oswa toupre l, adopte epi soumèt bay otorite sipèvizyon an yon plan sekirite ak kontinwite ki pwoteje anplwaye l yo, kliyan l yo ak done l yo, epi ki prevwa repli, sèvis a distans ak enfòmasyon kliyan yo.
2. Otorite sipèvizyon an ka, pa yon desizyon ki gen rezon epi nan respè lalwa, egzije pou yon pwen sèvis fèmen pou yon ti tan, deplase oswa limite operasyon an kach li yo, lè kenbe l ouvè mete moun an gwo danje rakèt, kidnapin oswa kontrent, oswa lè li fasilite kolekte ranson.
3. Fèmti yon pwen sèvis pa ka anpeche kliyan yo jwenn lajan yo : enstitisyon an bay, san frè, sèvis ranplasman (ajans nan zòn ki an sekirite, sèvis an liy, vèsman, gichè mobil ki pwoteje).
4. Done kliyan yo rete pwoteje (atik 61). Pèsonn anplwaye pa ka oblije travay nan yon pwen sèvis patwon l pa ka pwoteje, ni sanksyone paske li egzèse dwa li pou l retire kò l.

Atik 105-2 Remèt depo yo ak transparans sou limit yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 85 · Pwopozisyon P4*

1. Yo remèt kliyan an depo l nan menm lajan kont lan, dapre lalwa ak règ otorite monetè a.
2. Yo pa ka aplike okenn limit sou montan, frekans, kote, lajan oswa mwayen peman pa yon desizyon abitrè, oral oswa endividyèl. Tout limit soti nan lalwa, nan yon règ piblik otorite sipèvizyon an oswa nan yon klòz kontra ki klè kliyan an aksepte, epi li aplike menm jan pou tout kliyan ki nan menm sitiyasyon. Delè sekirite atik 82-2 yo se pa limit abitrè.
3. Lè yo refize oswa yo fè reta sou yon retrè oswa yon vèsman, enstitisyon an bay touswit, alekri, rezon an, konbyen tan sa ka dire ak solisyon ranplasman yo (peman pasyèl, chèk direksyon, vèsman sou yon kont kliyan an deziyen), san frè.
4. Enstitisyon an pibliye politik li sou limit ak likidite, nan ajans yo ak sou entènèt. Li enfòme otorite sipèvizyon an sou tout restriksyon jeneral ; otorite a pibliye regilyèman ki enstitisyon ki konsène, konbyen tan restriksyon yo dire ak kantite plent yo.
5. Lè likidite ra, otorite sipèvizyon an òganize yon priyorite transparan pou bezwen ijan (sante, ijans fanmi, lekòl) epi li entèdi rasyonman dapre konvenyans moun.
6. Plent yo trete gratis, rapid epi alekri. Lalwa prevwa sanksyon administratif ki pwopòsyonèl.

Atik 105-3 Chwa lajan ak afichaj to yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 85 · Pwopozisyon P5*

1. Pèsonn pa ka oblije konvèti deviz li, ni aksepte yon peman nan yon lòt lajan pase lajan kont li oswa sa li chwazi, nan limit lalwa.

2. Tout konvèsyon fèt ak akò klè kliyan an, nan to ki afiche nan moman operasyon an. To sa a ekri sou resi a, akote to referans otorite monetè a pibliye.
3. To referans lan afiche yon fason moun ka wè l nan chak pwen sèvis, sa gen ladan l sou-ajan yo, ak sou entènèt.
4. Yon enstitisyon pa ka aplike yon to oswa frè ki diferan de sa li afiche. Lalwa prevwa sanksyon kont afichaj ki twonpe moun.

Atik 105-4 Inite mezi legal nan komès

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 91 · Pwopozisyon P21*

1. Tout vant machandiz, pa yon machann, yon revandè oswa yon komèsan, an detay oswa an gwo, fèt an inite Sistèm entènasyonal inite yo (SI) : mas an gram ak kilogram pou pwodui solid, volim an mililit ak lit pou likid, longè an santimèt ak mèt pou pwodui yo vann pa longè. Pwodui yo vann pa grenn bay kantite yo.
2. Mezi tradisyonèl oswa mezi aladiable (bwat, goblè, chodyè, mamit, gode, panye, pil, oswa nenpòt mezi yo pa verifye kapasite l) ak tout lòt inite lalwa pa rekonèt sispann valab pou vann, dapre yon kalandriye pwogresif lalwa fikse, pwodui pa pwodui ak teritwa pa teritwa. Lè kalandriye a fini, yo pa valab ankò pou vann.
3. Pandan tranzisyon an, yon mezi tradisyonèl ka sèvi sèlman si otorite ki gen konpetans lan verifye epi make veso a, si ekivalans li an inite SI afiche toupre machandiz la epi yo bay kliyan ki mande l la li, epi si pri a pa inite SI afiche.
4. Ministè ki responsab Komès la ak Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmatik (IHSI) ankouraje, nan kad misyon legal yo, itilizasyon inite SI yo : ministè a pa metwoloji legal, verifikasyon enstriman yo, edikasyon komèsan yo ak kontwòl ; enstiti a pa piblikasyon pri pa inite SI (atik 103). Yo pibliye chak ane yon rapò sou kote tranzisyon an rive (atik 6).

Atik 105-5 Enstriman ki verifye, pri pa inite ak dwa kliyan pou l verifye

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 91 · Pwopozisyon P22*

1. Tout enstriman ki sèvi pou peze, mezire oswa doze nan yon vant (balans, mezi kapasite, ponp, mèt) verifye regilyèman, otorite ki gen konpetans lan make l, epi li mare ak etalon nasyonal yo. Yon enstriman ki pa verifye oswa ki twonpe pa ka sèvi pou vann.
2. Pri tout pwodui yo vann pa pwa oswa pa volim afiche pa inite SI, pa kilogram oswa pa lit, yon fason moun ka wè l, an kreyòl oswa an franse, pou kliyan an ka konpare pri yo.
3. Kliyan an gen dwa wè lè y ap peze oswa mezire, mande pou yo refè l sou yon enstriman ki verifye, epi resevwa kantite li achte a. Yo bay yon resi ki montre kantite ak pri pou tout vant ki depase yon montan lalwa fikse.
4. Otorite kontwòl la fè enspeksyon regilye ak sanzatann nan mache, nan komès ak nan estasyon, li pibliye rezilta yo epi li resevwa plent gratis, an kreyòl. Tout kantite ki manke remèt. Lalwa prevwa sanksyon administratif ki monte pa etap pou itilizasyon yon enstriman ki twonpe oswa ki pa verifye ak pou twonpe moun sou kantite, san sa pa anpeche pouswit (atik 105).

Atik 106 Kontra piblik, patenarya piblik-prive ak konsesyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 65*

1. Kontra piblik, patenarya piblik-prive ak konsesyon soumèt a Konstitisyon an ak lejislasyon ki aplikab la.
2. Lalwa fikse sa ki dwe pibliye, sitou objè a, otorite ki siyen kontra a, moun ki genyen l, benefisyè reyèl la, montan an, dire a, garanti yo, obligasyon pèfòmans yo, chanjman nan kontra a, pasif eventyèl yo ak kote travay la rive.
3. Kontra ijans yo rete anba kontwòl lalwa prevwa.

Blòk IX — Teritwa, anviwònman, tè ak pwoteksyon sosyal

ATIK 107 RIVE 126 *Sekirize dwa a, pwoche sèvis la, pwoteje tè a.*

Atik 107 Tit kont pwoteksyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 66*

1. Politik tè a vize an menm tan pou sekirize dwa lejitim yo, amelyore kadas la, fè fiskalite a jis, anpeche moun akapare tè, epi pwoteje moun ki vilnerab.
2. Sitwayen an sekirize dwa li sou plan jiridik epi li kontribye dapre lalwa ; Leta ayisyen pwoteje dwa lejitim lan epi li rann kont sou jan li itilize resous yo.

Atik 108 Kadas nasyonal ki konekte

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 67*

Lalwa ka òganize yon sistèm kadas nasyonal ki konekte, pa etap, pasèl tè yo, tit yo, mitasyon yo, ipotèk yo, enfòmasyon jewografik ak done fiskal ki nesesè dapre lalwa, nan respè atik 61.

Atik 109 Sekirite tè pou fanmi ki vilnerab

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 68*

Lejislasyon sou tè ak fiskalite ka prevwa mekanis adapte pou premye enskripsyon, siksesyon ki pa fèt fòmèlman, ti pwopriyetè, fanmi ki vilnerab ak moun ki gen lontan ap okipe yon tè de bòn fwa. Tout fwa yo retire pwopriyete yon moun, sa rete anba garanti konstitisyonèl ak legal yo.

Atik 110 Finans ak transparans komin yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 69*

Nan respè otonomi kolektivite teritoryal yo, chak komin pibliye enfòmasyon lalwa egzije sou resèt li (taks lokal, redevans, transfè, sibvansyon, don, finansman pwojè), depans li (fonksyonman, pèsonèl, envestisman, antretyen, kontra) ak rezilta li (pwojè, kou, delè, founisè, kote travay yo rive, endikatè sèvis).

Atik 111 Devlopman rejyonal ekilibre

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Amenajman teritwa a vize pou repati yon fason ekilibre aktivite ekonomik yo, resous bidjetè yo ak sèvis piblik yo nan tout rejyon yo, pou chak rejyon ka devlope potansyèl li sou dire.

2. Dekonsantrasyon ak desantralizasyon an ap akselere, nan yon fason ki regle, dapre atik 5.

Atik 112 Kontwòl devlopman vil yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Leta ak kolektivite teritoryal yo planifye epi jere devlopman vil yo, avèk konpetans pwofesyonèl ki nesesè.
2. Politik iben yo trete an premye agrandisman bidonvil yo, lojman desan, asenisman, risk yo ak amelyorasyon dirab peyizaj la.

Atik 113 Anviwònman, priyorite nasyonal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Pwoteksyon anviwònman an se yon priyorite nasyonal. Politik piblik yo vize pou jere resous natirèl yo ak risk yo yon fason rasyonèl, pou konbat debwazman, ewozyon ak dezètifikasyon, epi pou moun jwenn dlo potab.
2. Chak sitwayen angaje l pou l itilize resous ki ra yo ak swen pou jenerasyon k ap vini yo jwenn yo tou.

Atik 114 Baz pwoteksyon sosyal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 70*

Leta ap devlope pa etap, nan limit resous ki disponib yo ak dapre lalwa, yon baz pwoteksyon sosyal ki vize an premye timoun ki vilnerab, fanmi ki nan mizè grav, granmoun ki pa gen ase mwayen, moun ki andikape ak fanmi katastwòf frape. Kritè pou moun benefisye yo objektif, transparan epi yo ka kontwole yo.

Atik 115 Tarif sosyal pou sèvis esansyèl yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 71*

Lè lalwa ak modèl ekonomik sèvis la pèmèt sa, otorite ki gen konpetans yo ka prevwa tarif sosyal, yon kantite konsomasyon vital ak pri espesyal, sibvansyon vize ak èd pou konekte. Mekanis sa yo dwe transparan, yo dwe ka dire, epi yo pa dwe mete kontinwite sèvis la an danje.

Atik 116 Dwa travayèz ak travayè yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Dwa travayèz ak travayè yo, ki kreye richès, respekte, sitou libète sendikal, sekirite ak sante nan travay ak aksè nan fòmasyon.
2. Politik anplwa yo vize pou kreye travay ki pwodwi nan agrikilti, endistri ak sèvis.

Atik 117 Salè minimòm diyite

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Kontribisyon : òganizasyon sendikal yo, Sen. Jerry Tardieu*

1. Salè minimòm lan fikse epi revize regilyèman dapre lalwa, pa konsètasyon ant Leta, patwon yo ak sendika yo, an konsiderasyon pri lavi a, pwodiktivite ak anplwa.
2. Objektif li se pèmèt travayè a ak fanmi l viv nan diyite. Done yo itilize pou fikse l yo pibliye.

Atik 118 Premye travay pou jèn diplome yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Enspire nan lide sitwayen Etzer Emile*

1. Lalwa ka òganize yon pwogram nasyonal premye travay, estaj peye oswa aprantisaj pou jèn ki fin etidye nan lekòl teknik, pwofesyonèl ak inivèsite, ansanm ak antrepriz yo, kolektivite yo ak administrasyon an.
2. Kritè aksè yo transparan epi rezilta pwogram nan pibliye.

Atik 119 Fòmalizasyon mikwo-antrepriz yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 72*

Lalwa ka tabli yon chemen senp pou fòmalize ki gen ladan l anrejistreman senplifye, yon fiskalite ki pwopòsyonèl, obligasyon kontab ki adapte, peman nimerik ak aksè pa etap nan kredi ak nan pwoteksyon sosyal.

Atik 119-1 Tranzisyon pa etap, sipò pou ti komèsan ak edikasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 91 · Pwopozisyon P23*

1. Tranzisyon an dire plizyè ane, dapre yon kalandriye piblik ki fikse pa pwodui ak pa teritwa. Li kòmanse ak pwodui moun konsome plis yo epi li fè diferans ant vil yo ak zòn riral yo.
2. Leta mete balans ak mezi ki verifye, ansanm ak fòmasyon, disponib pou ti komèsan yo, a yon pri aksesib epi gratis pou sa ki pi pòv yo (atik 28 ak 119). Komin yo ranje pwen verifikasyon nan mache yo.
3. Pandan yon peryòd enfòmasyon lalwa fikse, ti komèsan de bòn fwa k ap adopte inite SI yo resevwa enfòmasyon, fòmasyon ak ekipman anvan nenpòt sanksyon.
4. Kanpay edikasyon an kreyòl, nan mache, nan radyo ak lekòl, esplike inite SI yo ak ekivalans yo ak ansyen mezi yo (atik 15 ak 26).
5. Inite tradisyonèl yo itilize depi lontan nan tit, kontra ak rejis, pa egzanp kawo pou tè, kenbe valè jiridik yo : lalwa fikse ekivalans yo an inite SI, san li pa remèt an kesyon dwa moun te genyen deja (atik 107 rive 109).

Atik 120 Pwoteksyon sosyal lè gen katastwòf

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 73*

Lè gen yon gwo katastwòf, otorite ki gen konpetans yo ka, dapre lalwa ak kredi ki disponib, deklanche transfè lajan ijans, travay piblik tanporè ki peye, pwogram manje ak mekanis rekonstriksyon kominotè, ki rete anba règ transparans ak kontwòl.

Atik 121 Dlo ak irigasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 74*

Politik sou dlo ak irigasyon egzèse dapre konpetans Leta ak kolektivite teritoryal yo chak. Basen ki gen priyorite yo ka genyen yon dyagnostik, yon plan envestisman, yon jesyon ak patisipasyon itilizatè yo, yon mekanis antretyen, endikatè kalite ak règ tarif ki adapte.

Atik 122 Enèji nan teritwa yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 75*

Nan limit konpetans legal yo, kolektivite teritoryal yo ka fasilite devlopman solisyon enèji lokal : mini-rezo, enèji solè, mikwo-idwoelektrisite, estokaj, byogaz ak enèji ki soti nan fatra. Fonksyon regilasyon nasyonal yo rete nan men otorite nasyonal ki gen konpetans yo.

Atik 123 Plan nasyonal enèji ki koute mwens

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 76*

Leta ka adopte epi mete ajou yon plan nasyonal enèji ki koute mwens, ki kouvri pwodiksyon, transpò, distribisyon, mini-rezo, estokaj, itilizasyon pwodiktif, aksè ak kalite sèvis, epi ki presize responsablite enstitisyon nasyonal yo, kolektivite teritoryal yo ak operatè yo.

Atik 124 Enfrastrikti priyoritè ak antretyen

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 77 + NKS 2005*

1. Envestisman piblik yo bay wout, elektrisite ak telekominikasyon priyorite, paske se faktè inite nasyonal ak devlopman.
2. Chak gwo envestisman piblik ta dwe genyen yon responsab antretyen, yon plan antretyen, yon estimasyon sa l ap koute pandan tout lavi l, yon sous finansman ki previzib ak endikatè pèfòmans.

Atik 124-1 Koridò libète sikilasyon ak swivi piblik

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 88 · Pwopozisyon P15*

1. Leta adopte epi pibliye yon plan pou louvri ak sekirize koridò wout, lanmè ak ayewopò esansyèl yo (wout nasyonal, aksè pò ak mache yo), ak kalandriye, responsab, endikatè ak yon bidjè ki klè, dapre atik 6.
2. Li kenbe epi pibliye, anba rezèv sekirite operasyon yo, kat pwen kontwòl ilegal yo siyale, operasyon pou retire yo ak rezilta yo, nan rapò chak ane atik 72 prevwa a.
3. PNH, FAdH ak fòs entènasyonal ki otorize yo aji dapre atik 64 rive 67.
4. Kontra a pa angaje okenn depans (atik 74).

Atik 125 Rechèch, enèji ak resous natirèl

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 78*

1. Leta ankouraje rechèch syantifik sou enèji, jewotèmi, resous mineral, dlo, agrikilti, anviwònman ak anba tè.
2. Okenn endis syantifik pa dwe prezante kòm yon resous ki ka eksplwate komèsyalman san yon validasyon teknik ki apwopriye.
3. Eksplwatasyon resous natirèl yo rete soumèt a Konstitisyon an ak lalwa.

Atik 126 Devlopman pwodiktif teritoryal ak patisipasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 79*

1. Nan respè konpetans konstitisyonèl ak legal yo, politik teritoryal yo ka bay priyorite a agrikilti, irigasyon, estokaj, transfòmasyon, enèji, enfrastrikti, touris responsab, patrimwàn ak anplwa lokal.
2. Kolektivite teritoryal yo ka òganize mekanis patisipasyon ak bidjè patisipatif dapre lalwa. Òganis seksyon kominal yo ak komin yo rann kont sou jan yo itilize resous ki nan konpetans yo.

Blòk X — Dyaspora ak kodevlopman

ATIK 127 RIVE 134 *Kontribye san domine, epi rann kont bay tout moun.*

Atik 127 Dyaspora kòm kopwodiktè devlopman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 80 + NKS 2005*

1. Dyaspora ayisyen an jwe yon gwo wòl nan lavi ekonomik ak sosyal peyi a. Lwa, estrikti ak mekanis ap garanti pa etap patisipasyon reyèl li nan devlopman nasyonal, sitou pa ekspètiz, konsèy ak akonpayman, teknoloji, rezo, mache, envestisman ak kodevlopman.
2. Okenn kontribisyon finansye, teknik oswa filantwopik pa bay plis pouvwa politik.

Atik 128 Rejis envestisman pou dyaspora a

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 81*

Lalwa oswa règleman ki aplikab la ka òganize yon rejis konsolide enstriman piblik oswa Leta sipòte ki vize pou mobilize envestisman dyaspora a. Rejis la di ki pwojè, ki pwomotè, ki teritwa, konbyen lajan yo chèche ak konbyen yo jwenn, kijan lajan an itilize, sous ranbousman an, risk yo, rezilta yo ak odit yo.

Atik 129 Pwoteksyon transfè fanmi

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 82*

1. Politik piblik pou mobilize epay dyaspora a fè yon diferans klè ant transfè pou fanmi, epay, don ak envestisman ki gen risk finansye.
2. Okenn kominikasyon piblik pa dwe prezante yon envestisman ki gen risk tankou yon transfè fanmi oswa yon garanti Leta, si Leta pa bay garanti sa a.

Atik 130 Pri ak konkirans transfè yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 83*

1. Nan respè konpetans Bank Repiblik d Ayiti (BRH) ak lòt otorite ki gen konpetans yo, Leta ankouraje konkirans ant operatè yo, konnesyon ant sistèm yo, peman nimerik, bese pri yo ak transparans tarif yo.
2. Yo ka swiv epi pibliye regilyèman pri mwayen transfè yo.

Atik 130-1 To ak frè transfè yo resevwa

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 87 · Pwopozisyon P9*

1. Tout transfè ki soti lòt bò peye benefisyè a, dapre chwa l, an dola oswa an goud, dapre règ otorite monetè a. Lè yo peye l an goud, to yo aplike a pa ka pi ba pase to referans otorite monetè a pibliye, ni depase plafon li fikse.
2. Eksepte si lalwa oswa règleman an di lòt bagay, benefisyè a pa peye okenn frè. Tout frè ki otorize afiche anvan operasyon an, detaye sou resi a, konfòm ak tarif yo depoze bò kote otorite sipèvizyon an epi li jistifye.
3. Yo bay yon resi pou chak operasyon. Li bay montan an ak lajan an, to yo aplike a, to referans jou a, frè eventyèl yo, non enstitisyon an ak adrès pwen sèvis la, an kreyòl oswa an franse, dapre chwa kliyan an.
4. To a ak tarif la afiche nan chak pwen sèvis, sa gen ladan l sou-ajan yo, ak sou entènèt. Operatè a reponn pou ajan l ak sou-ajan l yo.
5. Tout kòb yo pran an vyolasyon atik sa a remèt san reta, ak yon majorasyon dapre lalwa.

Atik 130-2 Kontwòl, plent ak sanksyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Pàn 87 · Pwopozisyon P10*

1. Otorite sipèvizyon an fè kontwòl regilye ak kontwòl sanzatann, sitou pa vizit mistè, li kenbe yon lis piblik operatè ki gen agreman ak sou-ajan yo, epi li pibliye chak ane, pa operatè, kantite plent, kontwòl ak sanksyon.
2. Yon kanal gratis, senp epi aksesib an kreyòl (telefòn, mesaj, gichè) pèmèt moun depoze plent. Plent lan resevwa yon repons alekri nan yon delè piblik. Kliyan an ka pote zafè a devan jij ki gen konpetans lan.
3. Lalwa prevwa sanksyon administratif ki monte pa etap pou mank yo (to pi ba, frè ki pa afiche, refi pou peye nan lajan kliyan an chwazi, pa bay resi), ki ka rive jis nan retire agreman an si sa repete, san sa pa anpeche pouswit.
4. Anplwaye ak ajan ki siyale pratik sa yo de bòn fwa pwoteje kont vanjans (atik 89).

Atik 131 Kowoperasyon fiskal entènasyonal

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 84*

Ayiti ka siyen, dapre Konstitisyon an, akò entènasyonal sou echanj enfòmasyon fiskal, prevansyon fwod ak doub enpozisyon, kowoperasyon administratif ak kodevlopman ; yo negosye epi ratifye yo dapre pwosedi konstitisyonèl la.

Atik 132 Fon ak enstriman kodevlopman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 85*

Chak mekanis piblik kodevlopman tabli dapre Konstitisyon an ak lejislasyon finansyè a. Li di ki baz jiridik li, kijan li jere, ki resous li, kiyès ki benefisye, ki objektif li ak ki mekanis kontwòl li.

Atik 133 Prevansyon doub enpozisyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 86*

1. Akò entènasyonal ki siyen kòmsadwa ka prevwa kredi taks, egzanpsyon, retni ki gen plafon, règ rezidans, pwosedi alamyab, echanj enfòmasyon ak chemen rekou.
2. Okenn konvansyon fiskal pa gen efè anndan peyi a andeyò kondisyon Konstitisyon an ak lalwa prevwa.

Atik 134 Kowoperasyon teritoryal ak sou fwontyè a

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 87*

1. Politik kowoperasyon teritoryal ak sou fwontyè a fèt nan respè souverènte nasyonal, entegrite teritwa a ak konpetans konstitisyonèl Leta ak kolektivite teritoryal yo.
2. Kolektivite teritoryal yo pa ka siyen trete entènasyonal ni egzèse yon konpetans diplomatik ki rezève pou Leta.

PATI IV

Angajman ak kontwòl sitwayen

Responsablite pataje, transparans ak revizyon · Atik 135 rive 142

Blòk XI — Angajman nou pataje

ATIK 135 RIVE 138 *Chak moun pote pa l, tout moun rann kont.*

Atik 135 Angajman sitwayèn ak sitwayen yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Nan lavi piblik yo kou nan lavi prive yo, sitwayèn ak sitwayen yo angaje yo sitou pou yo :
   - **a)** ankouraje aktivman pwen akò Kontra sa a ;
   - **b)** depase konpòtman diskriminasyon ak eksklizyon ;
   - **c)** regle konfli yo nan dyalòg ak mwayen san vyolans ;
   - **d)** kiltive tolerans, konsiderasyon pou lòt moun ak respè pou minorite yo ;
   - **e)** valorize peyizan an, kreyòl la ak kilti nasyonal la ;
   - **f)** respekte egalite ant fanm ak gason ak wòl fanmi an ;
   - **g)** bay tout pratik relijye menm respè ;
   - **h)** valorize inisyativ ak kreyasyon richès nan lalwa ;
   - **i)** pwoteje patrimwàn nan, anviwònman an ak resous ki ra yo ;
   - **j)** ranfòse asosyasyon yo, Palman an, asanble lokal yo ak pati politik yo ;
   - **k)** pa janm fè jistis ak pwòp men yo.

Atik 136 Angajman nou tann nan men Leta

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + BpB*

1. Sitwayen yo mande Leta, nan politik piblik li yo ak nan respè Konstitisyon an, pou li :
   - **a)** pran tout wòl li nan konstriksyon yon nasyon sitwayen ;
   - **b)** vize an premye pou pa kite pèsonn deyò nan edikasyon, lasante, lojman, lajistis ak sèvis debaz yo ;
   - **c)** envesti an premye nan wout, elektrisite ak telekominikasyon ;
   - **d)** konbat koripsyon, travay nan transparans epi rann kont regilyèman ;
   - **e)** kreye yon kad favorab pou yon kwasans ekitab ak dirab epi redistribye fwi li ;
   - **f)** akselere, nan yon fason ki regle, dekonsantrasyon ak desantralizasyon ;
   - **g)** egzèse otorite san represyon ni favoritis ;
   - **h)** mete valè sitwayènte yo nan edikasyon an ;
   - **i)** rezoud konfli yo nan dyalòg ak san vyolans.

Atik 137 Angajman sektè sosyete a

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005 + Nouvo*

1. Chak sektè angaje l, nan domèn pa l :
   - **a)** peyizan yo : jwe wòl pwodiktè yo, sipòte edikasyon timoun yo, sitou tifi yo, epi pwoteje anviwònman an ;
   - **b)** sendika yo : sipòte anplwa ak pwodiksyon nan respè dwa travayè yo epi ankouraje patisipasyon fanm ;
   - **c)** pwofesyonèl yo : kontribye nan kwasans, inovasyon ak yon fiskalite jis an favè moun ki pi defavorize yo ;
   - **d)** antrepriz yo : respekte règ konkirans ak dwa travayè yo, peye taks yo, louvri aksyonarya a epi ankouraje envestisman ;
   - **e)** òganizasyon fanm yo : fè aplike lwa ki libere fanm yo epi ankouraje patisipasyon politik fanm ;
   - **f)** òganizasyon popilè yo : fasilite aksè kominote yo nan sèvis esansyèl ak travay ;
   - **g)** relijyon yo, sa gen ladan l vodou : ankouraje libète relijyon, tolerans ak valè Kontra a ;
   - **h)** sektè edikasyon an : bati yon lekòl modèn epi transmèt valè sitwayènte yo ;
   - **i)** jèn ak etidyan yo : patisipe nan konsansis nasyonal la epi transmèt Kontra a bay jenerasyon k ap vini yo ;
   - **j)** moun ki andikape ak òganizasyon yo : ankouraje patisipasyon total yo ;
   - **k)** dyaspora a : kontribye nan devlopman an san li pa chèche plis pouvwa politik ;
   - **l)** kolektivite teritoryal yo : pibliye, eksplike epi rann kont toupre sitwayen yo.

Atik 138 Solidarite ant sektè yo

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

Chak sektè pran pou tèt li aspirasyon ak angajman lòt sektè yo, ansanm ak angajman sitwayen yo ak egzijans yo poze bay Leta.

Blòk XII — Transparans, apwopriyasyon ak swivi

ATIK 139 RIVE 142 *Pibliye, eksplike, korije, rann kont.*

Atik 139 Sistèm nasyonal transparans ak rann kont

Sous/Orijin/Kontribisyon : *BpB 88 · revize apre odit 2026*

1. Lalwa ka òganize pa etap yon sistèm nasyonal transparans ak rann kont pou enstitisyon piblik nasyonal ak teritoryal yo, nan respè Konstitisyon an, otonomi lokal, enstitisyon kontwòl yo ak pwoteksyon done yo.
2. Chak enstitisyon pibliye, dapre frekans enstriman ki gen konpetans lan fikse : sa ki te prevwa ; resous li resevwa ; depans li fè ; sa li reyalize ; diferans yo ; rezon diferans yo ; koreksyon yo ; ak delè yo.
3. Yon pòtay an de lang, ki ta ka rele « Ayiti Transparan », ka mete ansanm enstitisyon, teritwa, bidjè, pwojè, kontra, peman, rezilta ak odit.

4. Yon rejis piblik apa fè lis, dapre lalwa, pwojè èd entènasyonal finanse oswa òganis ki pa Leta egzekite ak kontribisyon piblik : bayè fon, operatè, teritwa, bidjè, kalandriye, rezilta ak odit.
5. Frekans, obligasyon ak konsekans lè yo pa pibliye vin obligatwa sou plan jiridik sèlman apre enstriman ki gen konpetans lan adopte yo. Pa gen okenn popilasyon ki ka pèdi yon sèvis esansyèl pou peye fot yon responsab.

Atik 140 Apwopriyasyon, edikasyon ak plèdman

Sous/Orijin/Kontribisyon : *NKS 2005*

1. Aplikasyon Kontra sa a chita sou twa aks : yon kanpay enfòmasyon san rete an kreyòl ak an franse, yon pwogram edikasyon sivik, ak yon pwomosyon sistematik dispozisyon li yo bò kote Palman an, kolektivite teritoryal yo ak tout enstans ki pran desizyon.
2. Yo ranfòse sosyete sivil la nan twa wòl li : fòs pwopozisyon, fòs vijilans ak fòs presyon sitwayen.

Atik 141 Konferans nasyonal validasyon

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Konsiltasyon 2026 · Enspire nan lide Dr Turneb Delpé ak Dr Gérard Pierre-Charles*

1. Lè konsiltasyon an fini, Kontra a soumèt bay yon konferans nasyonal ki reyini delege tout depatman, tout sektè ak dyaspora a.
2. Konferans lan egzamine amandman yo, adopte tèks final la epi konfye swivi li bay yon komite pliralis, nan lespri dyalòg nasyonal Dr Turneb Delpé te defann lan.
3. Konferans lan pa egzèse okenn konpetans konstitisyonèl ; konklizyon li se rekòmandasyon yo transmèt bay enstitisyon ki gen konpetans yo.

Atik 142 Swivi, adezyon ak revizyon Kontra a

Sous/Orijin/Kontribisyon : *Nouvo*

1. Kontra a louvri pou enstitisyon, òganizasyon, kolektivite ak sitwayen tout sektè ak tout depatman, ansanm ak dyaspora a, vin siyen l.
2. Chak ane gen yon rapò piblik swivi. Yo ka revize Kontra a chak senk an apre yon konsiltasyon nasyonal ouvè epi, lè sa nesesè, apre yon konferans nasyonal ki fèt nan kondisyon atik 141 prevwa, san yo pa janm dewoge a klòz final sou yerachi nòm yo.

Klòz final sou yerachi nòm yo

Okenn oryantasyon pa ranplase enstriman jiridik ki gen konpetans lan.

Kontra sosyal Blòk pa Blòk sa a se yon pak oryantasyon. Pou kont li, li pa ka :

a) chanje Konstitisyon an ;

b) kreye, elimine oswa chanje yon enstitisyon konstitisyonèl ;

c) chanje yon konpetans konstitisyonèl ;

d) chanje konpozisyon, kowòm oswa kondisyon fonksyonman konstitisyonèl yon enstitisyon ;

e) kreye yon syèj palmantè oswa yon reprezantasyon politik rezève ;

f) fikse kantite konseye elektoral yo oswa jan yo repati sou teritwa a ;

g) enpoze yon dire elektoral an chif ki pa soti nan lalwa ;

h) kreye, ogmante oswa elimine yon taks ;

i) kreye yon enfraksyon, yon sanksyon, yon depans oswa yon dèt piblik ;

j) aliyene domèn piblik la ;

k) siyen oswa ratifye yon akò entènasyonal ;

l) chanje kondisyon konstitisyonèl sou nasyonalite, sou kandidati oswa sou dire yon manda.

Tout mezi konsa aplike pa enstriman jiridik ki gen konpetans lan. Si gen kontradiksyon, men lòd priyorite a : Konstitisyon ki an vigè a ; lwa, règleman ak akò entènasyonal ki ratifye ; zak bidjetè ak desizyon tribinal ; epi Kontra sa a kòm pak oryantasyon.

TABLO KORESPONDANS ATIK KI REVIZE AK KI AJOUTE

ATIK	NOUVO TIT	ESTATI
25	Lekòl egalite chans	Revize apre odit 2026
37	Endepandans, kontinwite ak mwayen Konsèy elektoral la	Revize apre odit 2026
42	Òganizasyon eleksyon pa teritwa oswa pa etap	Revize apre odit 2026
43	Garanti eleksyon pa teritwa oswa pa etap	Revize apre odit 2026
44	Adaptasyon ak eksperimantasyon elektoral	Revize apre odit 2026
46	Desizyon elektoral teritoryal ki gen rezon	Revize apre odit 2026
57	Patisipasyon politik dyaspora a ak limit konstitisyonèl yo	Revize apre odit 2026
64	Kowòdinasyon nasyonal sekirite sou baz lalwa	Revize apre odit 2026
66	Ransèyman : kowòdinasyon minis ak fonksyon kontwòl	Revize apre odit 2026
71	Polis jidisyè, endepandans ankèt yo ak kowoperasyon entènasyonal	Revize apre odit 2026
88	Jistis sitwayen, aksè nan dwa ak dwa viktim yo	Revize apre odit 2026
89	Entegrite piblik ak dispozitif kont koripsyon	Revize apre odit 2026
90	Disiplin nan depans piblik ak pewòl ofisyèl	Revize apre odit 2026

ATIK	NOUVO TIT	ESTATI
105	Konkirans ak prevansyon monopòl	Revize apre odit 2026
139	Sistèm nasyonal transparans ak rann kont	Revize apre odit 2026
4-1	Se sèlman tribinal ki jije epi ki kondane ; pèn lanmò aboli	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P18, pàn 90)
16-1	Leta layik ak lajan piblik	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P16, pàn 89)
16-2	Libète pèsonèl pou patisipe ak sipò pou fèt kiltirèl yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P17, pàn 89)
24-1	Libète pou sikile, yon dwa fondamantal	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P11, pàn 88)
36-1	Pa ekspoze ajan piblik yo ak itilizatè yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P1, pàn 84)
82-1	Vijilans kont tranzaksyon anba kontrent	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P6, pàn 86)
82-2	Delè sekirite inifòm ak plafon pèsonèl	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P7, pàn 86)
82-3	Peyaj ak prelèvman pou pase	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P12, pàn 88)
82-4	Responsablite otè yo, konplis yo ak ajan piblik yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P13, pàn 88)
83-1	Okenn kote ni òganizasyon ki prepare vyolans kont sitwayen	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P19, pàn 90)
83-2	Pwomosyon vyolans, temwayaj piblik ak piblisite	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P20, pàn 90)
88-1	Blokaj pwovizwa, swiv lajan an ak pwoteksyon viktim yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P8, pàn 86)
88-2	Pwoteksyon itilizatè yo, transpòtè yo ak komèsan yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P14, pàn 88)
91-1	Okenn penalite akoz ensekirite ; peman ki kite tras	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P2, pàn 84)
105-1	Plan sekirite ak kontinwite enstitisyon finansye yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P3, pàn 84)
105-2	Remèt depo yo ak transparans sou limit yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P4, pàn 85)
105-3	Chwa lajan ak afichaj to yo	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P5, pàn 85)
105-4	Inite mezi legal nan komès	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P21, pàn 91)
105-5	Enstriman ki verifye, pri pa inite ak dwa kliyan pou l verifye	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P22, pàn 91)
119-1	Tranzisyon pa etap, sipò pou ti komèsan ak edikasyon	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P23, pàn 91)

ATIK	NOUVO TIT	ESTATI
124-1	Koridò libète sikilasyon ak swivi piblik	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P15, pàn 88)
130-1	To ak frè transfè yo resevwa	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P9, pàn 87)
130-2	Kontwòl, plent ak sanksyon	Ajoute · konsiltasyon 2026 (P10, pàn 87)

Zak adopsyon ak siyati

Adezyon nan Kontra sosyal pou refondasyon nasyonal

Siyatè yo deklare yo adere nan Kontra sosyal pou refondasyon nasyonal sa a, nan vèsyon 165 atik li (atik 1 rive 142 ak 23 atik konplemantè), kòm pak oryantasyon.

Siyen Kontra sa a pa angaje okenn depans, li pa kreye okenn dwa moun ka egzije devan tribinal, epi li pa chanje okenn konpetans. Li angaje yon metòd ak kèk valè : menm diyite pou chak sitwayen, dyalòg, ak obligasyon pou di sa ki te prevwa, sa yo te resevwa, depanse ak livre, sa ki pa t fèt, poukisa, sa k ap korije ak nan ki delè.

Adezyon yo anrejistre epi pibliye nan kondisyon atik 142 prevwa.

PREMYE SIYATÈ

Enj. Rodelyn Almazor
Blòk pa Blòk

Kote ak dat : _____

_____
SIYATI

SIYATÈ YO

Non ak prenon : _____
Fonksyon : _____
Òganizasyon / sektè : _____
Depatman oswa peyi : _____
Kote ak dat : _____

_____
SIYATI

Non ak prenon : _____
Fonksyon : _____
Òganizasyon / sektè : _____
Depatman oswa peyi : _____
Kote ak dat : _____

_____
SIYATI

Non ak prenon : _____
Fonksyon : _____
Òganizasyon / sektè : _____
Depatman oswa peyi : _____
Kote ak dat : _____

_____
SIYATI

Non ak prenon : _____
Fonksyon : _____
Òganizasyon / sektè : _____
Depatman oswa peyi : _____
Kote ak dat : _____

_____
SIYATI

REJIS ADEZYON ENSTITISYONÈL

N°	ENSTITISYON, ÒGANIZASYON OSWA SEKTÈ	REPREZANTAN AK FONKSYON	KOTE AK DAT	SIYATI
1				
2				
3				
4				
5				
6				
7				
8				
9				
10				
11				
12				
13				
14				

Ayiti p ap rebati nan yon sèl jès. L ap rebati blòk pa blòk.